ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗЭРЭ КЪЫДОК!

№129 (22.287) • 2012 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 10, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Зыхунэсахэмрэ къапэщытхэмрэ

Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Правительствэм хэтхэм я зэIущIэ бадзэуэгъуэм и 5-м иригъэкIуэкIащ. Абы щызэпкърахащ республикэм ПсоушIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым 2010 - 2011 гъэхэм и лэжьыгъэ зыхуздамэ мы илъэсым кьыпэщыкI кьалэнхэмэр.

КЪАНОКЪУЭ Арсен и пэублэ псальэм кьыхигъэщащ къэрал комитетыр жэуапльныгъэшхуэ зи пщэрыльрэ Iуэхущ1апIэу зэрыщытыр, къэралыр хэмыхьэу абы и Iэнатlэхэр тыншу зэрыпхуэмыгъэфIэкIуэнур, инвесторхэр кьыз1эпхуэмыцIэпIнур. Ар кьытеувыIащ газымрэ токымрэ я уасэхэр зэратым хабзэ хэлъхьэн, жылагъуэхэр псыкIэ ирикъуу кьызэгъэпэщын, щIэжьпIэхэр тэмэму зехьэн, эрамкэр гъэнэхуным, газыр яхуэщэным пыщIа лэжьыгъэхэр и кIэм изгъэсын, хьэлбэщIэхэр инженер инфраструктурэкIэ кьызэгъэпэщын, коммунальнэ Iуэхутхьабзэхэм ухуэзэгъэкIуэн зэрыхуейм, нэгъэщIэхэми.

Къэрал комитетым и унафэщI **Кулиев Мустафир** зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ зи гугъу тщIы зэманым кьриубыдэу республикэм и псоушIэ-коммунальнэ хозяйствэм зэфIигъэкIахэм. Абы зэрыжиIамкIэ, «ЖКХ-м щекIуэкI реформэхэм я щIэгъэкъуэн фонд» къэрал корпорацэм и программэхэр кьызэрыхалъхьэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балькъэрым и кьалэ, район псори я Iуэхум хэтщ. Шэрэдж куейри мы илъэсым абыхъэм, 2008 - 2011 гъэхэм кьриубыдэу федеральнэ ахьыщэу сом зы мелардэрэ мелуан 447,5-рэ кьыхуаутIыпщащ.

- Программэхэр IыхьитIу зэщхьщыхьауэ догъэзащI. Ахэр тещIыхьащ фэтэр куэд хьу унэхэр кьызыхуэтынщэу зэгъэпэщынымрэ зэхуэмыдэу щIэсхэр кьыщIэгъэIапхъуэкIынымрэ. Щыхуэхэр унэ кхъахэм кьыщIэгъэкIыным федеральнэ мылькыу сом мелуан 502,17-рэ, республикэм ейуэ мелуани 143,8-рэ кьыщыдгъэзэбэщащ. Мы гъэми сом мелуан 81-рэ тхухахащ. Нобэ ирихьэлIэу щIыхь 735-м я псэупIэхэр едгъэфIэкIащ. Фэтэр куэд хьу унитI Налшык щаухуащи, абыхэми щIыхь 885-рэ Iэпхъэунэщ, - кьигъэлъэгъащ Кулиев Мустафир. - Республикэм и псоушIэ фондыр метр зэбгъуэнатIэ мелуан 15,3-рэ мэхьу. Абы щыщу метр зэбгъуэнатIэ мелуани 5,1-рэ фэтэр куэд хьу унэхэм хуоз. Кьызыхуэтынщэу зэгъэпэщыжьпхъэхэм мы гъэм сом мелуани 142,8-рэ хухахауэ, муниципальнэ щIыналъи 9 зыхэт программэр догъэзащIэ. Унэ 60 зэдгъэпэщыжьнущ, лифту 28-рэ тхьуэжьнущ.

Къэрал комитетым и унафэщIым зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и псоушIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэм хохьэ котельнэу 329-рэ, хуабэкIэ кьызэзыгъэпэщ пункт нэхъыщхьэу 52-рэ, хуабэ зэрыкIэу километр 412-рэ, хуабэ кьызыт предприятэу 12. Хуабэ кьаруу? Гкал мелуанрэ мин 480,4-рэ нэгъабэ кьалэжьащ. Хуабэ-энергетикэ комплексым и Iэмэпсымэхэмрэ инженер инфраструктурэмрэ я процент 56-м я пIалъэр икIащ. Котельнэхэмрэ хуабэкIэ кьызэзыгъэпэщ пунктхэмрэ хущощIэ кьызэрапщытэ, кьызэрапщ приборхэм, автоматикэм. Къэпсэльам кьызэригъэлъэгъуэмкIэ, республикэм и коммунальнэ инфраструктурэм псы кьыщIэшыпIэу 584-рэ, пыдзапIэу 53-рэ хохьэ. Ахэр насос зэмылIэужьыгъуэу 586-м, псыуэ кубометр мини 100 зэрагуэшхэм хуэдэу 290-м ягъэлажьэ. Ахэр тэмэму зэзрахьэн папщIэ, «2002-2010 гъэхэм КЪБР-м и хуабэ-энергетикэ комплексымрэ и псоушIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ реформэ зэращIынур, зэрыгагъэфIэкIуэнур», «2011-2015 гъэхэм КЪБР-м и псоушIэ-коммунальнэ Iэнатlэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыщрагъэкIуэкIынумрэ зэрыгагъэфIэкIуэнумрэ» республикэ программэ хэхахэр ягъэхьэзыращ.

- А программэхэм якъ иткIэ, псы кIуапIэу километр 217,7-рэ, хуабэ гуэшы-пIэу километр 22,9-рэ тхьуэжащ, котельнэ 96-м хуабэ-механикэ Iэмэпсымэхэр щызэтхьэкIащ, хьэкущIэу 18 дзэуваш, дызыхуеинкIэ хьуну пкъыгъуэхэм хуэдэу сом мелуан 18,6-рэ и уасэ кьэтщэхуащ. Хуабэ кIуапIэщIэ дыукъудиящ, химие IэмалкIэ псым зэрелэжь Iэмэпсымэхэр котельнэ 6-м щедгъэфIэкIуащ. ЖКХ-м зэхъуэкIыныгъэхэр кьызэрыщрагъэкIуэкIынумрэ Iэнатlэр зэрырагъэфIэкIуэнумрэ теухуа программэм республикэ бюджетым щыщу сом мелуан 73,9-рэ мы гъэм хухахати, кьалэхэмрэ районхэмрэ ятедгуэшащ,- кьыхигъэщащ кьэпсэльам. - Бжьыхьэ-щIымахуэ пъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыным пасэу щIэддащ, зэфIэдгъэкIынуэр дубзыхуащ. А Iуэхум сом мелуан 484,7-рэ хэтлъхьэну ди мурадщ. КIэрыкубжьэрыхуэр дэщыпкъ, зыхуей хэзыгъэзыпкъ кьызыдогъэпэщ. Аруан куейм идзыпIэщIэ кьыщыдгъэтхьнущ. ПхъэнкIийм эхуэущIауэ щелэжьыну заводхэр ухуэным и Iуэхуми догупсыс.

Щыхуэхэмрэ коммунальнэ Iэнатlэхэмрэ Iуэхутхьабзэхэм я уасэр и чэзум зэрамылым лъэпощхьэпо къешэ. Псом хуэмыдэу яфIыэтрехьэ кьагъэсбэпа газымкIэ щыхуэхэр. Абы кьыхэкIыу, «Газпром-Псыхуабэ щIыналъэ зэхуаку газ» ООО-р тщIыгъуу дгъэбеджьыдащ ахэр зэрызытрагъэкIыжину щIыгъэ. А лъэныкъуэкIэ доунэтI «2006 - 2013 гъэхэм КЪБР-м и хуабэ-энергетикэ комплексым и Iуэхущ1апIэхэм я финанс щытыкIэр зэрырагъэфIэкIуэнур» республикэ программэ хэхам кьыхэригъэувым тету.

Нэгъабэ щыщхьэм и 22-м УФ-м и Правительствэм и Унафэкlэ кьыштащ ПсоушIэ-коммунальнэ хозяйствэм уней мылькыу хуэзэщIэгъэуIуэнымкIэ лэжьыпхъэхэм я план. Абы ипкъ иткIэ, щIыпIэ унафэр зезыгъэкIуэ Iуэхущ1апIэхэм мы гъэм и дыгъэгъазэ щIондэр ягъэхъэзырын хуейщ коммунальнэ инфраструктурэм зэуIуэ зэрызэпкъжьынум теухуа я программэр. Республикэм и ЖКХ-м и Iэнатlэхэм инвестор лърыгэхьэхэр кьыхэрепщэну щыкIэм доIэжь.

Куливеви жиIам дыщIагъэжьу, зэIущIэм кьыщыпсэльащ КЪБР-м и Парламентым ухуэныгъэмкIэ, ЖКХ-мрэ ТЭК-мкIэ и комитетым и Iэтащхьэ **Гриневич Валерэ** республикэм и Жылагъуэ палатэм и комиссэм и унафэщI **Мэзло Руслан**р. Тумэ кьыхалъхьа Iуэхугъуэхэм зэхуэсахэр арэзы техьащ. Зэхьыхьэм щагъэбелджылащ Къэрал комитетым дяпэкIэ нэхъыщхьэу кьыпэщыт кьалэнхэр икIи ахэр унафэкIэ щIагъэбыдащ.

ЗэIущIэм хэтащ Правительствэм и Унафэщ1 **Гергер Иван**, кьалэ, район администрацэхэмрэ къэралкомитетхэмрэ я Iэтащхьэхэр, ирагъэбгъэгъа кьулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

IУЛЪХЬэ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхущ1эр зэралэжьые я ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

Джылаахъстэнейм и мэкъумэщышщIэхэм бжьыхьэсэр кьрахьэлIэж.

ТЭРЧ куей администрацэм мэкъумэш Iэнатlэмкlэ и кьудамэм и Iэтащхьэ Уэдыхь Тимур хьыбар кьызэрыдигъэщIамкIэ, бжьыхьэсэ гуэдзу гектар мини 10,5-рэ, хьэщIийуэ 1 мин кьахьан хуеиуэ кьаполIпIэ. Уэабанэрэщ Iуэхур кIыхьIыхь зыщIыр, армыхъумэ техникэри дагъэтъэсынпхъэхэри яIэщ.

Тэрч щIыналъэр мы гъэм нартыхумкIи кьулейщ - ар гектар мин 20-м щытрасащ. Нартыху хьэсэхэм щхьэхьхэр теутхэнымкIэ мыбыхэм хуэдэIэпыкъу Прохладнэ районым и мэкъумэш авиацэр.

Мэкъумэшыщ1эхэм джашхьурей (горох) щхьэнтIэр кIэрыхуэн-шэу кьрахьэлIэжащ, хуэнэсащ кIэртIоф пасэри къатIыжыну.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● Тэрч куей

Гъавэр Iуахыж

Бжьыхьэсэр къехьэлIэжьмрэ Хьэпщ1ейм кьыщыщIадзащ, мы такфэтес щIыпIэм уэгъуэ гектар мини 10,5-рэ, хьэщIийуэ 1 мин кьахьан хуеиуэ кьаполIпIэ. Уэабанэрэщ Iуэхур кIыхьIыхь зыщIыр, армыхъумэ техникэри дагъэтъэсынпхъэхэри яIэщ.

Тэрч щIыналъэр мы гъэм нартыхумкIи кьулейщ - ар гектар мин 20-м щытрасащ. Нартыху хьэсэхэм щхьэхьхэр теутхэнымкIэ мыбыхэм хуэдэIэпыкъу Прохладнэ районым и мэкъумэш авиацэр.

Мэкъумэшыщ1эхэм джашхьурей (горох) щхьэнтIэр кIэрыхуэн-шэу кьрахьэлIэжащ, хуэнэсащ кIэртIоф пасэри къатIыжыну.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Къанокъуэ Арсен яхуогузавэ

Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Краснодар крайм и унафэщIэмрэ псыдзэм хэкIуэдахэм я унагъуэхэмрэ яхуогузавэщ.

«ЗЭКIЭ кьызэратамкIэ, кьэхъукъащIэ щынагъуэм щIыхь гъащIэу щэм щIигъу ихьащ. Апхуэдэ гузэвэгъуэм пэмычыжьэ, апхуэдизкIэ, - фызыжьыхьэмрэ сабийхэмрэщи, ар хуабжьу гуауэщ. Ар пхуэмыгъэ зэкIуэжьи хэщIыныгъэщ. Си гум кьыбгъэдэкIыу сахуогузавэ зи Iыхьлъхьэр зыфIэкIуэдахэм икIи сигу ящIогъу лей зытехьахэм. Хуей хьумэ, крайм и щIыхухэм ядэIэпыкъуну Къэбэрдей-Балькъэрыр хьэзырщ», - жиIащ Къанокъуэ Арсен.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къэбэрдей-Балькъэрыр псыдзэ зыщIэуахэм ядэIэпыкъунущ

Краснодар крайм и жылагъуэхэу псыдзэ зыщIэуахэм щыкъэхъэм ядэIэпыкъунущ Къэбэрдей-Балькъэрыр. Апхуэдэ лэжьдам кьыщыхальхьащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Гергер Иван дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зIэIущIэм. Зэхуэсым хэтахэр яхуэщыгъуэну кьэхъукъащIэ щынагъуэм эхкIэущIэ.

РЕСПУБЛИКЭМ Узышнагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм щылажьэхэм я махуэ улахуэ псыдзэр зыщIэуахэм хуэгъэхьыну кьыхалъхьа жэрдэмыр ядиIащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм. «Щыхуэхэр гугъу дыдэ йохь. Щыхуэр псэун папщIэ зи Iуэхутхьбзэ хэзыныкъуэ Iуэхущ1апIэ куэдым я лэжьыгъэр кьыдэлэпкъуда хьуащ псыдзэм и зэранкIэ, жылагъуэхэм щыIэкъым уэздыгъи, псы зэфэни, гази. Гузэвэгъуэ хэхуахэм яIэкъым нэхъ Iэмалыншэ дыдэу зыхуеинуэр. Апхуэдэ пльагъу, лъэныкъуэкIэ ущыт хъунукъым. Щыхум гузэвэгъуэ кьыщылъэIэсым деж япэу зыщIэзыгъакIуэр гъунэгъурщ», - жиIащ республикэм и Правительствэм и Унафэщым икIи адрей министерствэхэри Iуэхущ1апIэхэри кьыхуриджащ КЪБР-м Узышнагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм игъэлъэгъуа щапхъэм ирикIуну.

Гергер Иван зэIущIэм хэтхэм яжриIащ республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Краснодар крайм птулькIэхэм ит псы кьабзэ хурагъэшэну унафэ зэрищIар, апхуэдизуи республикэм Узышнагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм а щIыналъэм щыIэ я лэжьыгъэхэм зыпащIэу, ахэр КЪБР-м щыщ дохутырхэм я дэIэпыкъуныгъэрэ хущIэкъуэрэ хузныкъуэмэ зрагъэщIэну икIи, хуей хьумэ, сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуну я пщэ зэрырильхьар.

ХЬЭПЭ Марин.

* * *

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Щыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ абы кьегъэщыпIа Iэнатlэхэмри гущIыхьэ я ящыхьащ Краснодар крайм кьыщеха псыдзэшхэм щIыху куэд дыдэ зэрыхэкIуэдар, унэхэр, пасэу зэхэхуэ зэрызэтрикъутар икIи ахэр я махуэ улахуэкIэ хуэвэ дуней къэхъукъащIэм и зэран зэкIаужь ядэIэпыкъуным.

● КъэхъукъащIэхэр

Мывэхэм якъута газ бжьамийхэр зэрагъэпэщыжащ

Бадзэуэгъуэм и 6-м сыхьэт 23-рэ дакъикьэ 30-м бгым къэкуэда мывэхэм якъутат КЪБР-м щыщ IЭрэздж куейм и бгыпIэ щIыпIэхэм газ зэрыкIуэ бжьамийм щыщ IыхьэI.

А КЪЭХЪУКъАЩIэМ и ужькIэ Къарэ-Су, Бёзенги жылагъэхэм, «Бёзенги» гъунапкъэхъумэ заставэм газыр хуэзэтIыпщынкIэ зэпагъэкуащ. Ар кьыщыкIуэ щIыпIэм икIэщыпIэкIэ нэсащ «КъэббалькъэрхьэкIэ кьыз1эпхуэ щIыкIэм доIэжь. Куливеви жиIам дыщIагъэжьу, зэIущIэм кьыщыпсэльащ КЪБР-м и Парламентым ухуэныгъэмкIэ, ЖКХ-мрэ ТЭК-мкIэ и комитетым и Iэтащхьэ **Гриневич Валерэ** республикэм и Жылагъуэ палатэм и комиссэм и унафэщI **Мэзло Руслан**р. Тумэ кьыхалъхьа Iуэхугъуэхэм зэхуэсахэр арэзы техьащ. Зэхьыхьэм щагъэбелджылащ Къэрал комитетым дяпэкIэ нэхъыщхьэу кьыпэщыт кьалэнхэр икIи ахэр унафэкIэ щIагъэбыдащ.

ЗэIущIэм хэтащ Правительствэм и Унафэщ1 **Гергер Иван**, кьалэ, район администрацэхэмрэ къэралкомитетхэмрэ я Iэтащхьэхэр, ирагъэбгъэгъа кьулыкъущIэхэр.

ЭЛИНЭ Элинэ.

● Бахъсэн куей

Щыгъуэ псалъэхэр

Ныбжьэгъу лъапIэхэ! КЪБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, щIэныгъэзэкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Абхъаз Республикам и къэрал дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэ «Леон» орденыр зыгъэфэща, ди щIыналъэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Абхъазым и университетым и профессор, адыгэ литературэм и классик, щIэныгъэл, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Нало Заур Мыхьэмэт и къуэр дунейм зэрехьжар тущIыхьэ тщIыхьащ.

КАВКАЗЫМ и щэнхабзэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм ящыщ Нало Заур абхъаз лъэпкъым и щэнхабзэм зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Абы дэтэлъэгъуащ адыгэ лъэпкъым и хьэл-щэн нэхъыфIэхэр. Заур и щIэныгъэм, и Iуэху бгъэдыхьэкIэм, и цIыху щIыкIэм пщIэ хуэзэпщIу щыта абхъазхэм ар зэи тщыгъупщэнукъым.

Кавказми хамэ хэрадзэхэми фIыуэ кьыщащIыху икIи кьыщалъагъу щIэныгъэлIыр еи имыщIэу пэрытащ жылагъуэ лэжьыгъэми. Зи псалъэм пщIэшхуэ иIа Нало Заур куэдрэ кьыщхьэщыжащ фIыщIэу ильагъу абхъаз лъэпкъым. Дэ ар зэи тщыгъупщэнукъым, адыгэм и къуэ пажэм и фэепIыри, езыр кьыгтхуэсакъыу зэрыщытам хуэдэу, дыхуэсакъыу тхъымэнущ.

Абхъаз лъэпкъми республикэм и унафэщIхэми кьабгъэдэкIыу дахуогузавэ Налом и Iыхьлъхьэм. Дэри фэ фщIыгъуу догуимэщI.

Абхъаз Республикэм и Президент АНКВАБ Александр,
Абхъаз Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 БГАНЪЭ Валерий.

● Телеграммэ



Лей зытехьахэм зыщIагъакъуэ

Краснодар крайм кьыщыхьэ щIыуэпс кьэхьуэкIащIэм - ушэхыщхьэм и зэранкIэ псыдзэ кьаз1эпщIуэам - щIыкIуэм 170-м щIигъу хэкIуэдащ, унэхэмрэ гъэгуэхэмрэ зэтрикьуатащ, гъавэщIапIэхэр иригъэсыкIащ, нэгъэщIэ зэрамыгъэхэр кьрикIуащ.

Урысеим и Президент Путин Владимир зэрыжиIамкIэ, яфIэкIуэда мылькъым пэкIуэу дэтхэн унагъуэми щIыналъэ бюджетым кьыхэкIыу сом мин 50, федеральнэм - сом мин 100, унагъуэм щыщ дэтхэнэми псори зэхэту сомиз 150-рэ пратынущ. Щыуэпс кьэхьуэкIащIэм хэкIуэда дэтхэнэми и унагъуэм федеральнэ бюджетым сом 1 мелуан, щIыпIэ бюджетми апхуэдизу хуэхаяхнущ. Зэтещэха унэхэр зэфIэгъэзывэжьным лъэныкъуитIым я зэхуэдэ мыльку трагъэкIуэдэнущ.

Урысей Федерацэм и Премьер-министр Медведев Дмитрий зэрыжиIамкIэ, Краснодар крайм рэ Псков областымрэ щыщу лей зытехьахэм Правительствэм и резерв фондым сом меларди 3,8-м нэблагъэ хухихынуц. Фэбжь хьэлъэ зыгъуэта цIыхухэм сом мин 400, нэхъ гъэхьужьагъуафIэхэм сом мин 200 ратынущ.

Парламент хэхьыныгъэхэм зыхуегъэхьэзыр

Украинэм и президенту щыта Ющенкэ Виктор зегъэхьэзыр мы гъэм жэпуэгъэхэр кьрикIуащ.

Ар зи унафэщI «Ди Украинэ» партым щыщ щIыху 50 - 60 мы нэхъ мащIэ дерадзыр хъуну политикыр щогугъ.

ВТО-м хьыхьэнущ

Урысейр Дунейпсо сату организацэм (ВТО)-м хьыхьэным нобэ Къэрал Думэм и зIущIэм щыхэпльэнущ.

Къэрал Думэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Жуков Александр зэрыжиIамкIэ, УФ-м и Конституцэ судым Урысейр ВТО-м хьыхьэным теухуауэ 2011 гъэм Iэ зыщIадза, ауэ зэкIэ кьару зымыгъуэта протоколым Хабзэ нэхъыщхьэр кьыщызэпауда хильагъуэркъым. «Дунейпсо зэгурыIуэныгъэхэм я Iуэхуки» законым ипкъ иткIэ ар кьащтэн хуейщ. Абы теухуа Iуэхугъуэхэр мы гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м и кIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хьэнфэн Алим.

И 1932 гъэм кьалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артистэ ткъэ Сырыкъуэ Хьэмащ1эсэ.

И 1966 гъэм кьалъхуащ КъБР-мрэ КъШР-мрэ щIыхь зиIэ и артисткъ Шэрджэс Гъсинт.

Дунейм и щыкIэнур:

Налшык пшэ щытельынущ, хуабэр градус 23-рэ щыхьунущ.

ПIалэмрэр зыгъэхьэзырыр **УЭРДОКЪУЭ Жениф.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъуабжэ псори мыщэкъым, лыд псори дыщэкъым.

● Бахъсэн куей

Щыгъэпыу къэхъунукъым

Бахъсэн кьалэ округым и щыпIэ администрацэр я цIыхухэр псыкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ щыкIэр йолъэкь.

КЪАПЩТЭМЭ, «Кооператор» хэзблэм кьыщIэщыпIэщIэ щыпадзащ, кьалэбгъум щыIэ кьутырыпрэ Бахъсэн псы ми кьуэкIий щыпIэмрэ нэгъуэщIитI щыбгъу. Кубометр минищым тещIыхьа псы хьумапIэ яухуэ.

Киловатт 630-рэ я лъэщагъэу сом мелуан 13-кIэ кьащхьэуа газогенератор Iэмэпсымитым цIыхухэр псыкIэ зэпымыууэ кьызэрагъэпэщынущ.

ТЫПЭШ Элинэ.

ЗэрырагъэфIэкIуэнум топсэлъыхь

● ЗэIущIэхэр

Жылагъуэм зегъэужьыныныр цIыхубэм я хуитныгъэр хъумэныныкIэ КЪБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ комиссэм и зэIущIэ зэхэтащ. Абы Iуэхугъэщ щызэпкърахащ. Зэхьыхьэр иригъэкIуэкIащ а комиссэм жэуап зыхьэ и секретарь Беппаев Суфьян.

IУАЩ1ХЬЭМАХУЭ куейм хьихьэ Тырныауэ кьалэм, Май районым узыншагъэр хъумэныныкIэ щылажьэ «Район сымаджэщ» къэрал бюджет Iуэхущ1апIэхэм цIыхухэм я хуитныгъэр хъума хъуным теухуауэ комиссэм хэтхэм ирагъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэхэм я кьэрикIуахэр кьызэщIикъуэжу кьэпсэльащ зи гугъу тщIы комиссэмрэ КЪБР-м и Жылагъуэ палатэмрэ хэт **Зумакулов Асхъэт.**

Абы кьэпщытэныгъэм хэтахэм я цIэ хурагъэ нэужь, Май, Iущщхьэмахуэ районхэм щыIэ медицинэ Iуэхущ1апIэхэр зыхуей-зыхуэфIэкIэ кьызэрызэпэщащ, нэгъуэщIхэми тепсэлъыхьащ. Комиссэм хэтхэм кьагъэльэгъуа Iуэху зэIумыбзэм ящыщщ Май районым сымаджэщыр дохутыр зэрыримыкъур, сымаджэщым щIэлъхэм хухах хущхъуэм 2012 гъэм процентэ 10-кIэ зэрыкIэрыхуэр, Iуэхущ1апIэм и кьудамэ щхьэхуэхэр зэрызэрахьэну мылъку зэрарихуримыкъур, медицинэ Iэмэпсымэ гуэрхэм, унэлъащIэ, нэгъуэщIхэми зэрыхуэныкъуэр. Iущщхьэмахуэ район сымаджэщым и медицинэ Iуэхущ1апIэхэм теухуауэ кьигъэлъэгъуа ныкъусаныгъэхэм ящыщщ, абыхэм кьабзагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ кьызэрыщызэмыгъэпэщар, лэжьакIуэхэр, зыхуеину медицинэ Iэмэпсымэхэр кьаз1эремещIэкIыр, дохутырхэмрэ Iэщ1агъэлIхэмрэ я щIэныгъэм зэрыхагъэхьэуну мылъку республикэ бюджетым зэрыхухимыкIащ зэгъэпэщыжьын зэрыхуейр, Iэмал зимыIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр цIыхухэм зэрыхуамыщIэр, дэIэпыкъуныгъэ псынщIэу 5-м щыщу 4-р зэрымылажьэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу кьыхихьащащ республикэм щыпсэу цIыху зыбжанэм я хуитныгъэр кьызэрызэпаудым мыхьэнэ зэрырамытыр, ар зэрагъэзэкIуэжьину Iэмал зэрымылъыкIуэр.

Зумакулов Асхъэт зэхэхауэ кьытеувыIащ нэгъабэрэ мы гъэм и ягъэ мазихьмрэ республикэ, федеральнэ программэхэр зэрагъэзэщIам. Апхуэдэхэщ, «Узыфэхэм зэрызымыгъэубгъун, абыхэм зэрызащыпхъыжьмэ Iэмалхэр», «2006-2012 гъэхэм гъэзэгуэхэм щынагъуэншагъэр кьызэрыщызэрагъэпэщыну щыкIэр» федеральнэ программэхэр, республикэм ахэми нэгъуэщIхэми теухуауэ игъэбелджыла Iуэхугъуэхэр.

Республикэм щылажьэ медицинэ Iуэхущ1апIи 128-м щыщу 75-р бюджет, 53-р казенно Iэнатlэу зэрыщытым, абы щылажьэхэм я улахуэр зыхуэдизым кьытеувыIащ нэужь, Зумакулов-вир тепсэлъыхьащ республикэм щыпсэухэм иужьрей технологием тет медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр нэгъуэщI щыпIэхэм щагъэхуэ щыIэ, мы гъэм федеральнэ клиникэхэм квотэкIэ ягъакIуэ сымаджэхэм я бжьыгъэм 2800-кIэ зэрыхагъэхьэзыну, цIыхухэм пщIэншэу ират медицинэ дэIэпыкъуныгъэ - къэрал программэр ди щIыналъэм зэрыщылажьэм, ар гъэзэщIэным республикэ бюджетым сом мелуани 6-рэ мин 713-рэ зэрыхухихыну, нэгъуэщIхэм.

УФ-м и МВД-м и щIыналъэ кьудамэм, УФ-м и МВД-м Налшык кьалэ щыIэ Iуэхущ1апIэм щагъэтIысащ Iэмалхэр я хуитныгъэр зэрахъумэм, медицинэ Iуэхутхьабзэхэр зэрыщыхуащIэм, кьабзагъэр кьызэрыщызэрагъэпэщым теухуауэ 2012 гъэм накьыгъэм и 14 - 18-хэм ирагъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэм и гугъу щищIым, Зумакулов Асхъэт жиIащ республикэм щыIэ хуитныгъэхэр блэкIа пIощIыгъуэм и 70-кIэ гъэхэм яухуа Iуэхущ1апIэу зэрыщытым кьыхэкIыу, медицинэ, щызэхуагъазэ пэшхэр кьаззремещIэкIыр, зыхуеину Iэмэпсымэхэмрэ унэлъащIэхэмкIэ ирикъуу кьызэрызэмыгъэпэщар, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу ар кьытеувыIащ Iуащхьэкъуэнум, Мая, Май, Iэдыкъуэ районхэм тутнакъ зэрыщащхьэкъуэнум, Шэрэдж, Лэскэн районхэм апхуэдэ Iуэхущ1апIэ щыкуэнэр 2010 - 2012 гъэхэм Урысей МВД-м и ведомственнэ программэм зэрыхэзыхьам, Шэджэм куейм щылажьэр зэрызэрагъэпэщыжынум.

Жылагъуэм зегъэужьыныныр цIыхубэм я хуитныгъэр хъумэныкIэ КЪБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ комиссэм кьищта унафэхэр зэрагъэзащIэм теухуауэ Беппаев Суфьян кьыщыпсалъэм кьыхилъхьащ КЪБР-м и кьулыкъущIэ ягъэтIысахэм я хуитныгъэм, Конституцэм кьагъэувэхэр зэрамыгъэзащIар хэлъщIыу щыIам, абыхэм кьащыхьэщыжьам пащIэ комиссэ кьызэрагъэпэщыну. Зэхьыхьэм хэтхэр абы арэзы техьэурэ, комиссэм хагъэхьащ КЪБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщI Хьэщ1ыхьужь Татьянэ, Шэрэдж районым администрацэм и унафэщI Темиржанов Махъты, Православнэ чэлисхэм я благочиннэ Бобылев Валентин, КЪБР-м и муфтий нэхъыщхьэ Дзасэжь Хьэзратэлий сымэ. Кьыхалъхьа IуэхумкIэ КЪБР-м и Iэтащхьэм ечэнджэщынущ. КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ республикэм и Правительствэмрэ пщэрыльрэ щащIащ а унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыпIэныну.

ЗэIущIэм хэтахэм абы кьыщащIэта Iуэхугъуэхэм теухуа унафэ кьащтащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Республикэ щыпсэухэм я Iуэхущ1апIэхэм

Зэрыгъэзэжьыну

Жылагъуэм зегъэужьыныныр цIыхубэм я хуитныгъэр хъумэныныкIэ КЪБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ комиссэм и зэIущIэ зэхэтащ. Абы Iуэхугъуэщ щызэпкърахащ. Зэхьыхьэр иригъэкIуэкIащ а комиссэм жэуап зыхьэ и секретарь Беппаев Суфьян.

IУАЩ1ХЬЭМАХУЭ куейм хьихьэ Тырныауэ кьалэм, Май районым узыншагъэр хъумэныныкIэ щылажьэ «Район сымаджэщ» къэрал бюджет Iуэхущ1апIэхэм цIыхухэм я хуитныгъэр хъума хъуным теухуауэ комиссэм хэтхэм ирагъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэхэм я кьэрикIуахэр кьызэщIикъуэжу кьэпсэльащ зи гугъу тщIы комиссэмрэ КЪБР-м и Жылагъуэ палатэмрэ хэт **Зумакулов Асхъэт.**

Абы кьэпщытэныгъэм хэтахэм я цIэ хурагъэ нэужь, Май, Iущщхьэмахуэ районхэм щыIэ медицинэ Iуэхущ1апIэхэр зыхуей-зыхуэфIэкIэ кьызэрызэпэщащ, нэгъуэщIхэми тепсэлъыхьащ. Комиссэм хэтхэм кьагъэльэгъуа Iуэху зэIумыбзэм ящыщщ Май районым сымаджэщыр дохутыр зэрыримыкъур, сымаджэщым щIэлъхэм хухах хущхъуэм 2012 гъэм процентэ 10-кIэ зэрыкIэрыхуэр, Iуэхущ1апIэм и кьудамэ щхьэхуэхэр зэрызэрахьэну мылъку зэрарихуримыкъур, медицинэ Iэмэпсымэ гуэрхэм, унэлъащIэ, нэгъуэщIхэми зэрыхуэныкъуэр. Iущщхьэмахуэ район сымаджэщым и медицинэ Iуэхущ1апIэхэм теухуауэ кьигъэлъэгъуа ныкъусаныгъэхэм ящыщщ, абыхэм кьабзагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ кьызэрыщызэмыгъэпэщар, лэжьакIуэхэр, зыхуеину медицинэ Iэмэпсымэхэр кьаз1эремещIэкIыр, дохутырхэмрэ Iэщ1агъэлIхэмрэ я щIэныгъэм зэрыхагъэхьэзыну мылъку республикэ бюджетым зэрыхухимыкIащ зэгъэпэщыжьын зэрыхуейр, Iэмал зимыIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр цIыхухэм зэрыхуамыщIэр, дэIэпыкъуныгъэ псынщIэу 5-м щыщу 4-р зэрымылажьэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу кьыхихьащащ республикэм щыпсэу цIыху зыбжанэм я хуитныгъэр кь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщтащ 2012 гъэм мэкъуаугъэуэм и 19-м

1 статья. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм мы къыкIэлыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр зэхъхьэн:

1. 11-нэ статьям и Iыхьэхэу 2-мрэ 3-мрэ мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я зэхэтыкIэр мы Конституцэм ипкъ иткIэ зыщIыгъуэ, Урысей Федерацэм и конституцэ ухуэкIэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм езэгъыу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я полномочиехэр ягъэув икIи ахэр зэрахьуэкI хьунущ Урысей Федерацэм и КонституцэмкIэI, федеральнэ конституцэ закон хэмкIэ, федеральнэ законхэмкIэ, мы КонституцэмкIэ, республикэм и законхэмкIэ.».

2. 58-нэ статьям и Iыхьэ 1-р мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«1. Мы Конституцэм хуитыныгъэ, щхьэхуитыныгъэ нэхъыщхьэхэр кьыззэрыщыхьар кьыбгурыIуэн хуейкъым щIыхум, гражданиным и адрей хуитыныгъэу, щхьэхуитыныгъэу псоми кьалытахэр кьамыщтэу е ахэр ягъэмащIэу.».

3. 69-нэ статьям и «к» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«к) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и программэр;».

4. 79-нэ статьяр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«79 статья

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Урысей Федерацэм и щIыхуу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыпсэуэхэм, федеральнэ законым ипкъ иткIэ хэхьыныгъэм хэтыну хуитыныгъэ зиIэхэм зэхъуэщIауэ Iэ эзрагIэтым тету, ильэситху пIалъэкIэ хах.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэу хах хьунущ Урысей Федерацэм и щIыхуу Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законым ипкъ иткIи зыхригъэхьну хуитыныгъэ зыбгъэдэлыр, нэгъуэщI къэралым и гражданствэ е Урысей Федерацэм и щIыхур нэгъуэщI къэралым зэпымыуэу щыпсэуну хуит зэращIым щыхьэт текIуэ иэгъэущI тхыль зимыIэр икIи зи ныбжьыр илъэс 30 ирикъар.

3. Зы щIыхум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къулыкъур зэкIэлыкIуэу пIальитI нэхъыбэкIэ иIыгьыну хуит ящIыркъым.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр федеральнэ законхэм, мы Конституцэм, республикэ законым ящкъ иткIэ хах.».

5. 81-нэ статьям и «з» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«з) я къулыкъухэм ягъэувын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и кьуэдзэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэ-секретарым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и адрей судыщIэхэм, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм я кандидатурэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хуегъэлъагъэу, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщыгъ-къэзыбж и палатэм и унафэщым и кандидатурэр кьыхелхьэ;».

6. 82-нэ статьям и «з» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«з) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым и проектыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и программэр кьэщтэнырэ, ар зэрагъэзащIэм теухуа отчетхэм едэIуэныр;»;

5) «ы» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«ы) мы Конституцэмрэ республикэ законхэмрэ зэрыщыгъуэва щIыкIэмрэ хабзэхэмрэ тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым зыхуэгъэзэныр;».

11. 105-нэ статьям и Iыхьэ 3-р мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэмрэ унафэхэмрэ Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законхэм, Урысей Федерацэм и Президентым и указхэм, Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэхэм, мы Конституцэм, республикэ законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр я Iэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэм щемыIэгъым и деж ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм икъутэж хъунущ.».

8. 88-нэ статьям и Iыхьэхэу 2-мрэ 3-мрэ мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2. Федеральнэ законым кьиригъэувэм щыхуэкIуам и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и планэм и къалэнхэр пIальэкIэ щимыгъэзэщIэфым и деж (зэрысымадкъм е зыгъэпсэхуакIуэ зэрыкIуам къыхэкIыу), федеральнэ законым къыщыгъэувахэм нэмыщI, адрейхэм деж ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым егъэзащI.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIальэкIэ зыгъэзащIэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр зэбгригъэкIыжыну, мы Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну къин-Iэтыну хуитыныгъэ иIэкъым.».

9. 90-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «а», «б» пунктхэр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«а) абы Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законхэм, мы Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм емызэгъ актхэр къыдигъэкIар, а емызэгъныгъэхэр зыхуэфащэ судым бедджьлы ищIамэ, суд унафэм кьуэдыщIагъуэтам щегъэжьауэ зы мазэ пIальэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм имыгъэзэжамэ;

б) Урысей Федерацэм и Конституцэр, федеральнэ законхэр, Урысей Федерацэм и Президентым и указхэр, Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэхэр, мы Конституцэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэр егъэлеяуэ кьыззэрыгъэпиудар зыхуэфащэ судым иубыдухуамэ икIи а къемызэгъныгъэм щIыху куэдым я хуитыныгъэхэм рэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ кьыззэпиудамэ;».

10. 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м:

1) «б» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр хэхьныр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хэхьныр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и референдум егъэкIуэкIыныр кьыззэпэщыныр;».

2) «б-1» пунктыр хэгъэкIын;

3) «з» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«з) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и УнафэщIыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и кьуэдзэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэ-секретарыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэ-секретарыр, адрей судыщIэхэр гъэувынырэ;».

4) «о» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«о) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и программэр кьэщтэнырэ, ар зэрагъэзащIэм теухуа отчетхэм едэIуэныр;»;

5) «ы» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«ы) мы Конституцэмрэ республикэ законхэмрэ зэрыщыгъуэва щIыкIэмрэ хабзэхэмрэ тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым зыхуэгъэзэныр;».

11. 105-нэ статьям и Iыхьэ 3-р мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэмрэ унафэхэмрэ Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законхэм, Урысей Федерацэм и Президентым и указхэм, Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэхэм, мы Конституцэм, республикэ законхэм емызэгъыу щыт хъунукъым.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм кьащтэ хабзэхэр Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законодательствэм, мы Конституцэм, республикэ законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэм щемыIэгъым и деж ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм икъутэж хъунущ.».

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын, Iэ щIидзын икIи щыхуэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуаугъэуэм и 19-м
№1173-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым тезхуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр кьэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын, Iэ щIидзын икIи щыхуэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуаугъэуэм и 19-м
№1173-П-П

кьэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэм щемыIэгъым и деж ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм икъутэж хъунущ.».

8. 88-нэ статьям и Iыхьэхэу 2-мрэ 3-мрэ мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2. Федеральнэ законым кьиригъэувэм щыхуэкIуам и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и планэм и къалэнхэр пIальэкIэ щимыгъэзэщIэфым и деж (зэрысымадкъм е зыгъэпсэхуакIуэ зэрыкIуам къыхэкIыу), федеральнэ законым къыщыгъэувахэм нэмыщI, адрейхэм деж ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым егъэзащI.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIальэкIэ зыгъэзащIэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр зэбгригъэкIыжыну, мы Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну къин-Iэтыну хуитыныгъэ иIэкъым.».

9. 90-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «а», «б» пунктхэр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«а) абы Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законхэм, мы Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм емызэгъ актхэр къыдигъэкIар, а емызэгъныгъэхэр зыхуэфащэ судым бедджьлы ищIамэ, суд унафэм кьуэдыщIагъуэтам щегъэжьауэ зы мазэ пIальэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм имыгъэзэжамэ;

б) Урысей Федерацэм и Конституцэр, федеральнэ законхэр, Урысей Федерацэм и Президентым и указхэр, Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэхэр, мы Конституцэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэр егъэлеяуэ кьыззэрыгъэпиудар зыхуэфащэ судым иубыдухуамэ икIи а къемызэгъныгъэм щIыху куэдым я хуитыныгъэхэм рэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ кьыззэпиудамэ;».

10. 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м:

1) «б» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр хэхьныр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хэхьныр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и референдум егъэкIуэкIыныр кьыззэпэщыныр;».

2) «б-1» пунктыр хэгъэкIын;

3) «з» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«з) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и кьуэдзэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэ-секретарыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэ-секретарыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и адрей судыщIэхэр гъэувынырэ;».

4) «о» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«о) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и программэр кьэщтэнырэ, ар зэрагъэзащIэм теухуа отчетхэм едэIуэныр;»;

5) «ы» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«ы) мы Конституцэмрэ республикэ законхэмрэ зэрыщыгъуэва щIыкIэмрэ хабзэхэмрэ тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым зыхуэгъэзэныр;».

11. 105-нэ статьям и Iыхьэ 3-р мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэмрэ унафэхэмрэ Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законхэм, Урысей Федерацэм и Президентым и указхэм, Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэхэм, мы Конституцэм, республикэ законхэм емызэгъыу щыт хъунукъым.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм кьащтэ хабзэхэр Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законодательствэм, мы Конституцэм, республикэ законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэм щемыIэгъым и деж ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм икъутэж хъунущ.».

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын, Iэ щIидзын икIи щыхуэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуаугъэуэм и 19-м
№1175-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщтащ 2012 гъэм мэкъуаугъэуэм и 19-м

1 статья. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и IуэхукIэ» 1997 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №38-РЗ-м мы къыкIэлыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 4-нэ статьям и яп Iыхьэр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым судыщIэу мы хохьэ, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм кьыззэригъэлъэгъуэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым я кьулыкъум игъэувэу Унафэщыр, Унафэщым и кьуэдзэу тIу, судыщIэ-секретарыр, судыщIэу тIу хиубыдэу.».

2. 8-нэ статьям:

1) псалъащхьэр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«8 статья. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщыр, Унафэщым и кьуэдзэхэр, судыщIэ-секретарыр, судыщIэхэр зэрагъэувыр»;

2) яп, етIуанэ Iыхьэхэр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщыр, Унафэщым и кьуэдзэхэр, судыщIэ-секретарыр, судыщIэхэр я кьулыкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым егъэув, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм кьызэрыхилхьам тету.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым, Унафэщым и кьуэдзэхэм, судыщIэ-секретарым я кьулыкъухэр езыхэр тхыгъэкIэ кьэлъагъуэ зыщхьащхьэ кьуэнуц. Абыхэм я кьулыкъ зэрыщхьэщаухьар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и унафэу ятхыж икIи ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хуагъэхь.».

3. 9-нэ статьям и яп Iыхьэм и «г» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«г) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и кьуэдзэхэм я кьалэнхэр еубзыху, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэхэм пщэрыльхэр ярет икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэхэм я кьалэнхэр зэрытрагъашэр кьищтэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым кьыщыхелхьхь;».

4. 10-нэ статьяр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«10 статья. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и кьалэнхэр пIальэкIэ зэрагъэзащIэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и кьалэнхэр игъэззэщIэну щыхуэзфIэмыкIым и деж ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и кьуэдзэхэм ящыщ зым пIальэкIэ егъэзащIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и кьуэдзэхэм ящыщу зыми Унафэщым и кьалэнхэр игъэззэщIэну Iэмал щимыгъуэтым и деж ахэр пIальэкIэ игъэззэщIэну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэ-секретарым и пщэ кьыдохуэ.».

5. 106-нэ статьям:

1) псалъащхьэр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«106 статья. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым, Унафэщым и кьуэдзэхэм, судыщIэ-секретарым я кьулыкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и кьыщыхелхьхь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым, Унафэщым и кьуэдзэхэм, судыщIэ-секретарым, судыщIэхэм я кьулыкъуэм ягъэувынухэм я кандидатурэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщыхелхьхь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым, Унафэщым и кьуэдзэхэм, судыщIэ-секретарым я полномочиехэр мы Законым ипкъ иткIэ яубзыху.».

2 статья. Мы Законым кьару егъуэт официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуаугъэуэм и 22-м
№46-РЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым тезхуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэштэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын, Iэ щIидзын икIи щыхуэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуаугъэуэм и 19-м
№1175-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщтащ 2012 гъэм мэкъуаугъэуэм и 19-м

1 статья. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и IуэхукIэ» 1997 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №38-РЗ-м мы къыкIэлыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 4-нэ статьям и яп Iыхьэр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым судыщIэу мы хохьэ, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм кьыззэригъэлъэгъуэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым я кьулыкъум игъэувэу Унафэщыр, Унафэщым и кьуэдзэу тIу, судыщIэ-секретарыр, судыщIэу тIу хиубыдэу.».

2. 8-нэ статьям:

1) псалъащхьэр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«8 статья. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщыр, Унафэщым и кьуэдзэхэр, судыщIэ-секретарыр, судыщIэхэр зэрагъэувыр»;

2) яп, етIуанэ Iыхьэхэр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщыр, Унафэщым и кьуэдзэхэр, судыщIэ-секретарыр, судыщIэхэр я кьулыкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым егъэув, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм кьызэрыхилхьам тету.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым, Унафэщым и кьуэдзэхэм, судыщIэ-секретарым я кьулыкъухэр езыхэр тхыгъэкIэ кьэлъагъуэ зыщхьащхьэ кьуэнуц. Абыхэм я кьулыкъ зэрыщхьэщаухьар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и унафэу ятхыж икIи ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хуагъэхь.».

3. 9-нэ статьям и яп Iыхьэм и «г» пунктыр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«г) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и кьуэдзэхэм я кьалэнхэр еубзыху, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэхэм я кьулыкъухэм гъэувыным теухуа Iуэхум хоплъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм кьыхилхьар кьыщыIэрыхьам щегъэжьауэ махуэ пщыкIупIэ нэхъыбэ дэмыкIыу.».

6. 109-нэ статьяр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«109 статья. Къэрал органхэм я зэIущIэхэм хэтыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэм иIэ хуитныгъэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым, абы и кьуэдзэхэм, судыщIэ-секретарым, судыщIэхэм хуитныгъэ яIэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, абы и комитетхэмрэ комиссэхэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм я зэIущIэхэм хэтыну.».

7. 110-нэ статьям и ещанэ Iыхьэр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«Мыбдеж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и кьуэдзэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэ-секретарым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэхэм я улахуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и улахуэм проценткIэ ельытауэ (процент 95-рэ, 93-рэ, 90) ягъэув икIи Унафэщым кьулыкъукIэ и улахуэр Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и улахуэм и процент 85-м нэхъри нэхъ мащIэу щыт хъунукъым.».

8. 114-нэ статьям и ещанэ Iыхьэр мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым, Унафэщым и кьуэдзэхэм, судыщIэ-секретарым я полномочиехэр мы Законым ипкъ иткIэ яубзыху.».

2 статья. Мы Законым кьару егъуэт официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуаугъэуэм и 22-м
№46-РЗ

Урысей-адыгэ зэпыщIэныгъэхэр



Инарэмэ и кьуэ Идар и кьуэ нэхъыжьщ Темрыкьуэ (1502 - 1571 гъэ.). Ар Къэбэрдейм и пщы уэлийт. Темрыкьуэ ихьуэ Гуащэю урыс пащтыхь Иван IV и щхьэгъусэу щытащ.

● ГукъэкІыжхэр

Зы Дыгъэщ къыттепсэр, зы Мазэщ къытщхьэщытыр

ХЪЫБАР гуауэр щы-зыхъэсхым, си гум щІыхьэри, сытІыщ, си гурыльхэр пхузсІуэтэну.

Сигу къокІыж, Нэш, къыщІэпша махуэр. Псори иджыпсту къэхъум хуэдэу си нэгум щІэтщ. Дэтхэнэ щІыхуми езым и еплъыкІэ иІэжщ, уи ныбжьыр имъэгъуауэ щытахэм нэгъуэщІым гу лъимытэнкІи мэхъу. А махуэм и тепльэгъуэхэр ІупщІу щыізэблож си пащхьэм. А махуэр гуфІэгъуэт, мы махуэр - гуІэгъуэщ. Аращ гьашІэр.

Дауи, сигу къокІыж псори, ауэ гукъэкІыж закъуэкІэ псэуа ухъурэ! Зи дыгъэ къепс махуэр лэжьыгъэкІэ дымыгъэнщІмэ, хэщІыныгъэщ. БлэкІар къыкІэлъыкІуэм пыдмыбжэмэ, дыкъэувыІауэ аращ. КъэкІуэнум гугъэкІэ дыпемыжьэмэ, дыАІа пэлъытэщ. Апхуэдэурэ щІымрэ уэмрэ я зэхуакуэ дыдэтщ, къепсыр зытыдогъашхэ, жьы къепщэмкІэ добауэ, псыкІэ зыдопсыхь. Ахэр псори щІыхуэхэм ди эдайщ, дызэпэгъунэгъуэми дызэпэжьжьэмэ. Уэ утпэжьжьэми, Нэш, уи Дыгъэщ къыттепсэр, зы Мазэщ къытщхьэщытыр.

Пэжщ, абы щыгъуэ сыщІыкІут, ауэ сабийхэракъэ гулъытэ гъэщІэгъуэнхэр зиІэр, ялъэгъуэр зыщымыгъуэщІмэхэр. Иджы сэ адэ сыхъуащ, уэ адэшхуэ ухъуащ, къуэрылъхупхъурылъхуэр къопщІэкІащ. Абыхэм утрагъэу, закъуэныгъэр пщхьэщах. Сэ сщІэрхъым, адэшхуэм и псэм и зыгъэзэкІэхэр дауэ хъуми, дауэ щытми. Ар щысщІэнури щызыхэсщІэнури адэшхуэ сыхъуа иужьщ. ИджыпстукІэ сэ сыадэщи, адэхэм зыхащІэрщ сэри зыхэсщІэр. «МыІэ лІы мэхъу», жьыхуаІэраци, сэ лІыпІэ сиуващ, уэ лІыжьыпІэм уитщ.

Куэдрэ сигу фыкъоІ, Нэш! Сигу фыкъыщыкІым дежи, зыкъэзымысыжьнщи, си къурмакъуэр щеубыдыкІыр, си нэпсхэри къысфІыщІож. Си гум фыкъыщыпылъадэкІэ, зы тедзэгъуэкІэ фи дежь сынэсыфыну щытамэ, сынэлъэтэнти, сыкъыбгъурыуэнти, зэрэзгъуэр бдэсІыгъынт. СыІэбэми, сыфлъэІэсынукъым. Сопльэри, ди зэхуаку блын лъагэ дэтщ. Уэ къуибл-псиблым адэкІэ ущыІэщ, сэмыдэкІэ сыщытщ. Апхуэдэ пльапІэ жьжьэхэм унэзыхьэсыр гугъэращ. ИкІэм-икІэжьым псори дыздекІуэлІэжьнур зыщ. Абы дыщызыгъхьэлІэжьнщ. «ТхьэМ жьы фыздищІ», жаІами, Къытщхьэщытым жиІар нэгъуэщІ, ар уи ныбжьым ильэгъуауэ щытахэм нэгъуэщІым гу лъимытэнкІи мэхъу. А махуэм и тепльэгъуэхэр ІупщІу щызэблож си пащхьэм. А махуэр гуфІэгъуэт, мы махуэр - гуІэгъуэщ. Аращ гьашІэр.

...ПщІантІэм хэлъа гъэщІ куэбжэшхуэр сымыщІэжу хъурэ, сощІэж. Ауэ, пэжыр жысІэнщи, ар къызэрихамкІэ куэдрэ сегупсысэми, къыстхуэщІакъым. Ар гъэщІэгъуэну щІат. Хузогъафащэ, хьэпшышьжьхэр щащэ бззэрым дадэ къыщыщэхужауэ. Тхьэм ирещІи, пщы гуэрым и чэщанэм хуэдизкІэ къыщІэкІынущ. Ар пхъбгъу ІувыфІт, тебзари гъущІ Іувт, зи щхьэхэр гъущІ Іунэ щимэшхуэхэмкІэ теІуІаІауэ. Апхуэдэ гъущІ Іунэ игъащІэм сльэгъуэкъым. Ар зи хъэльэгъри дауэ къихьат? Куэбжэм и натІэм теуІуапІэ фІэлът, абыкІэ дытеуІуэрти, унэм щІэсым и лъэ макъыр къыззэрысу, бжэ хьэлъэжьыр тхуІуихыт. СощІэжыр, адыгэм гъущІ куэбжэкІэ зигъэбыдэртэкъым, зэрыжиІауэщытар. Иджы сыт къэхъуар, жысІэу дадэ сыщеупщІым, хьэрпш хьэсыхэм дагъэпсэукъым, кІыхьэт жауэ. Фи дежкІэ щыІэ адыгэхэм сыткІэ загъэбыдэрэ, Нэш?

Сигу къокІыж пшахъуэщІым хэщІыхьа къуажэ пыдзари. Фэху нэхьнщэм ит жыгеиш хуэт ар, Іуащхьэмахуэ лъапІэ, и лъэхъыцри и гъуэсэу къыхачу, пшахъуэщІым щыхасауэ. Ар и закъуэт, куэдрэ имытми, и жьаэум щІэсахэм щІэблэкІэрэ яІуэтэжьнущ. Къуажэм къыдыхэ хьэщІэм, дэсэр щІым щымыщу, уафэм къехауэ къыщыхъурт, пшахъуэм къыщымыкІ удэ гъэгъа Іэрамэшхуэу къафІэщІырт. Абы ПарижкІэ адежэхэрт.

ПщІантІэри сигу къокІыж. ИпщэмкІэ унищ зэкІэлъыхьауэ дэтт. Мэзыльэхэм фІэкІа къыщымыкІ псей лІэужьыгъуэхэр Іэгум щыдэкІеят. Я щхьэ псыгъуэхэмкІэ уафэм дэпыджейхэрт. Адэр ланТІэгъуэ щІэм зыдащІу, я лъабжьэхэр быдэт, кизычыфын къару щымыІэу; блиниплІми щхьэдэплъурэ, псоми зыхуагъэщІагъуэрт. Хьэмэрэ, ХэкужьымкІэ щыІэ я шипхъуэмкІэ ущыпхъурэ? Зыщхэкар ахэрауэ пІэрэ, Нэш!

ПшахъуэщІым псей дауэ щигъэкІыфат дадэ! ХьэщІэщыр ибгъумкІэ щхьэхэуэу щытт. Ар унэ хьэщІэщт. Абы сыщІыхьэрэ сщІэжьрхьым, и бжэщхьэІум зы лъэбжьуэкІэ себэкъуаеми, узэрыщІыхьэу сэмэгумкІэ щыт къэуащІым и псы щІыІэм сефэну арат. ПщІыхьэпІэм хуэдэу си нэгу щІэтщ абы щІыхьэщІыкІыжхэр, ахэр трупхъыкІэ зи гугъу ящІхэм ещхьт. Абы къыбгъурытт хьэщІэщыр. И бжэр Іухауэ зэрыслъэгъуар зэ закъэщІ, а зэ закъэмри и щхьэусигъуэр щІыпІэ щыІыжьхэкІэ хьэщІэхэрат. А мазэм пщІантІэм Іэуэлъауэшхуэ дэтащ. ПщэфІапІэм фэтыдджэнкІэ лажьэу хьэку зыбжанэ щІэтти, ирипщафІэхэрт, бжьыхьэщІыбгъэ зыгетущхуэ пщІфІапІэ кІуэщІри къагъэхуабэрт. Сэри зызудыдгъуэуэ сыщысщ, зызогъэхуабэ, я ву макъым сыщІодэІукІ, фэтыдджэнымэри сфІэІэфщ. Абы лъапэрэ фэтыдджэнымэр, хуабапІэр, ву макъыр си псэм и щІасщ, а махуэри, гуапэу, сигу къагъэкІыж.

ПщІантІэкум псыгуэн дищІыхьат дадэ, и кум щыхэтІа къамылыпэм къыкІэ къыкІэ тхьэІІыу, бдзэжьей пльыжьи хэст. И бгъум дежь, ятІагъуэм къыхищІыкІауэ бжьоуитІ щытт, псым хэфынчу къыІухьа хуэдэ. Дыгъэ къухьэжьигъуэхэм ирихьэлІэу, дадэ абдежь лъапэ, и лъэхъыцри и гъуэсэу къыхачу, пшахъуэщІым щыхасауэ. Ар и закъуэт, куэдрэ имытми, и жьаэум щІэсахэм щІэблэкІэрэ яІуэтэжьнущ. Къуажэм къыдыхэ хьэщІэм, дэсэр щІым щымыщу, уафэм къехауэ къыщыхъурт, пшахъуэм къыщымыкІ удэ гъэгъа Іэрамэшхуэу къафІэщІырт. Абы ПарижкІэ адежэхэрт.

ПщІантІэри сигу къокІыж. ИпщэмкІэ унищ зэкІэлъыхьауэ дэтт. Мэзыльэхэм фІэкІа къыщымыкІ псей лІэужьыгъуэхэр Іэгум щыдэкІеят. Я щхьэ псыгъуэхэмкІэ уафэм дэпыджейхэрт. Адэр ланТІэгъуэ щІэм зыдащІу, я лъабжьэхэр быдэт, кизычыфын къару щымыІэу; блиниплІми щхьэдэплъурэ, псоми зыхуагъэщІагъуэрт. Хьэмэрэ, ХэкужьымкІэ щыІэ я шипхъуэмкІэ ущыпхъурэ? Зыщхэкар ахэрауэ пІэрэ, Нэш!

ПшахъуэщІым псей дауэ щигъэкІыфат дадэ! ХьэщІэщыр ибгъумкІэ щхьэхэуэу щытт. Ар унэ хьэщІэщт. Абы сыщІыхьэрэ сщІэжьрхьым, и бжэщхьэІум зы лъэбжьуэкІэ себэкъуаеми, уэрэщІыхьэу сэмэгумкІэ щыт къэуащІым и псы щІыІэм сефэну арат. ПщІыхьэпІэм хуэдэу си нэгу щІэтщ абы щІыхьэщІыкІыжхэр, ахэр трупхъыкІэ зи гугъу ящІхэм ещхьт. Пэжщ, Дыгъэр, Мазэр, уафэм щызежьвагъуэхэрщ щІыхуэхэр зэпызыщІэхэр. Ахэращ ди пощтзехьэхэр, бэтэгьейкэр, гьуазэхэр.

...Къуажэр, Нэш, а уэ къэбгъэнам ещхьыжьхым, адыгэбзэм и пІэкІэ, бзаэмІубзэр щоІу, адыгэ пыІэри зыщхьэпрыгъ дэсыжьхым. ПщІантІэри щхьпхуэщІыжьнукъым, псейр нэщхъейщ, дэсри, хамэу щыта хэгъэрейщ. Иужьу сыщыщІуэжам, си нэгр къыкІэрт сыдыхьэну, ауэ и теплъэр си гум техуэнутэкъыми, гьунэгъу сыхуэхъуауэ, сыІуКІыжащ. СщІэрт, бжэр къыІузыхынкІ «ухэт», жиІэу къызэрызэуащІынур, сэ ар си гум техуэнутэкъым. Жьыжьэу сыщытащ, сепльаКІуэу. Си гугъэт, къысхуэгуфІэу, сцІыху гуэр къыдэкІы-ну. Блын лъагэм зыкъыздэзышинкІа псеИхэм ІущхьэнащхьэкІэ къыхэхуащІырт, къысщІэнаКІэуи къысщыхъуащ. СызыІуплъа псоми сагъэхэмащ. Арати, ди зэхуаку дэлъ блын лъагэм щхьэдэхьифыну щыІэ, уафэм и Дыгъэм, Мазэм, вагъуэхэм сахудэнлъеящ...

Си гурыльхэр къэбгтауэ пхуэсІуатэри, си гур зэрэзэгъащ. Уэри пхуэстхам укъеджауэ сольытэри, абы щхьэкІи фІыщІэ пхузощІ.

Къыбдэгуэзвау Хъэнасир кІитхыкІыр уи щхьэхъум и пхуэ Мухьэмэдщ. Уэынщэу фыщытхэ!

Письмор къыщысІэрыхьам, зызыхатхар щІэжтхэм, зэрыщІэтхъхьэжрэ мазитІ дэкІат...

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

Бицу Анатолэ и усыгъэм Хэку зауэшхуэр къызэрыхэщыжыр

● ЩІэныгъэлІым и псалъэ

Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр 1941 гъэм, хьэщхъурыпхъуэр, ди къэралым къыщытеуам ди тхакІуэхэм, гуэзэджэмрэ щэнхабзэмрэ я дзэкъакІуэхэм ящыщ куэдыр зауэм кІуам я Хэкум и щхьэхунтыныгъэр яхъумэжыну. Абыхэм ящыщщ Щодджэнцыкіу Алий, Кіыщокъуэ Алим, Кіуащ БетІат, Щоджэнцыкіу Іуэзэм, Шортэн Аскэрбий, Кьардэн Бубэ, Пало Ахьмэдхьан, Кьардэнгъущ Зырамыкъ, Тубай Мухьэмэд, Бекъуд Барэсбий, Къуэныкъуей Мухьэм, Къэжар Индрис сымэ. Ди жьагъуэ зэрыхъущи, ахэр ящыі псори дунейм ехьажащ. Абы зэрахьа лІыхъужьныгъэм пащІэ ІэшуІныгъуэнэу дэтхэнэ зыми ди къаІэнщ.

ДИ ТХАКІУЭХЭМ я гъэщІэгъэнІаащ ди къэралым и лъэпкъыібэ зэкъуэтым и текІуэныгъэкІэ иуха Хэку зауэшхуэм теухуа тхыгъэ куэд. Я ныбжьыкІэ зауэм химыбыда ди тхакІуэ нэхъ щІалэхэр я тхыгъэ куппщІафІэхэмкІэ ноби щІобэн мамырыгъэр хъумэным, щыхуГьащІэр егъэфІэкІуэным, щыхуГъэр. Зэныбжьыкъэтыгъэр, къуэшыгъэр нкІи нэгъуэщІ хьэл-щэныфІэхэр дунейм щытепщэ хъуным, мамыру дыпсэуным.

Апхуэдэу ди тхакІуэхэм яхэтщ си самбингъэр зауэ лъэхъэнэм хнубыдаэри зауэ нэужькым кьалъхуаэри. Абыхэм езыхэм я псалъэ хужаІаущ Хэку зауэшхуэм къихьа нэщхъеяГъуэ иным, гуауэшхуэм, мамырыгъэм, зэныбжьыгъуГъэм. Апхуэдэ усакІуэхэм ящыщ зыщІ зи кьалэмыр псыхьа хъуа усакІуэ Бицу Анатолэ.

Хэку зауэшхуэ екІуэкІам ар зэрыщыгъаззэр нэхъыжьхъэм кьалъэтэж хъыбархэмрэ зэджа тхыгъэхэмрэкІэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, абы тхыгъэ куэд иІэщ Хэку зауэшхуэмрэ мамырыгъэмрэ я ятеухуауэ. Зауэм и фэбжьыр куу дыдэу къызэуахуэ щІыхуэхэр щІыхуэм гуКІи псэКІи зыхащІэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, «УсакІуэр и пльыр сакъыщІыху гьащІэм», «Зауэ», «Нэф», «Ди гьунэгъуэ я лІыжьыр псэуат», «Абыхэм ящІэрт я псэр щІатыр», «Сурэт», «Анэм и гур», «Зауэ нэужь», «И махуэт ТекІуэныгъэм - майм и бгъут», «Гьунэгъу фыз», «Фызабэм и псалъэ», «Си къуэш», «МэремкІэ ягъэу жьэрымэ- усэхэмрэ «Фэеплъ», «Псалъэ быдэ» поэмэхэмрэ.

УсакІуэм и псэ хьэлэлымрэ и гу кьабзэмрэ гуауэм ихуэу «Си къуэш» усэм кьыщеІуатэ Хэку зауэшхуэм и фэбжь мелуанхэм ящыщ зы, ауэ абы ун гур кьыізэфІэмынэу укъеджэн пльэкІыпкъым. УсакІуэм зауэ зэманым сабий дыдэу, шэ къуэукъым кьынгьащІэу зи бзэр нубыду дэту хъуа и кьуэш нэхьыжьым зэрыпльхуингьазэ сатырхэр усыгъэ нэсым и щапхъэщ: «СыпІуПлъхукІэ - узу си гур сфІоткІур. Сэ зыгуэрКІэ сыкЬуаншэ кьыісщохьу... Кьысхуэгъэпу узэрыбзэгуэр. ПІотІэ, Кьысхуэгъэпу узэрыдэгур, ПІотІэ, си зэран хэмыльми - кьысхуэгъэгъу».

Зауэм кьихьа фэбжь бзаджэм и гуныкьуэгъуэм зэщІынГъэ усакІуэ гу пщІанэ, псэ хьэтэх зиІэм езым зыгрепльхьэри аращ «кьысхуэгъэгъу узэрыбзагуэр, абы и щІыжькІэ и кьуэр биишэм зэрихьар, игу щабэр игъэбыдэурэ и щхьэщыр уэсу зэрыгтхъуар, и гур пащІабзэ зэрыхъуар... Пащэщи фІыр ІейН токІуэ.

-Зауэ нэужьым- усэм мамырыгъэ хъумэн зэрызуейр, ар ясоми я кьалэн ІьапІэу зэрыщытІар макъамэ гуакІуэу усэм кьыщІоувэ. Ар Іупщі щыі мы сатыр купщІафІэхэм: -Сабийхэм щІэтыжьжьым я нэм нэпс. Балигьхэм яхэтыжьжьым мыуІа... Щым аруэрэу теткІуэм зы лІы ткІуэпс - Мы дунейр пльыжьыбзэгу иріЭнщІ- Мы усэм зы лІы ткІуэпсым дунейр пльыжьыбзэгу иріЭ-ну зэрыщІыжьыр: «Гьыпсэ хуэдэм, а псалъэхэм куэд кьаІуатэ, абыхэм ящІэть щІагьыбзэм куэд кьокІ, куэдым урагъэгупсыс.

Бицум и Іэдакъэм кьыщІэкІащ Хэку зауэшхуэм теуХуа поэмэхэри. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, «Фэеплъ» лирическэ поэмэр. Абы хэт лирическэ лІыхъужьым кьеІуэтэж Бэлэтокъуэ и гьащІэр кьыщІэрефІэкІар, абы и дунейтекІкІар, и гъэкъэкІар, абы щІым, мэкъумэшым хуиІа щытыкІэр, кьинэмыщІ Іэхъугъуэхэри.

Бэлэтокъуэ теухуауэ лирическэ лІыхъужьым и ныбжьыщІэр зэрыщІ, ахьмэ нэщхъеягъуэшхуэрщ: зауэм яша и адэри, и кьуэш нэхъыжьри, унэм кьэна и анэмрэ и шыпхъу цыкІымри зауэм и зэранкІэ гуэгу кІуэдахэщ. Мис абы кьыхэкІкІэ Бэлэтокъуэ зауэм пынэлат ирех, ирех абы щІыхь гьащІэр егъэнри, насыпымрэ лъагъуныгъэмрэ егъэхутыкьуэри, зауэм нэщхъеягъуэ инрэ насыпыщІагъэрэ кьеІуэтэри. Абыщ теплъэмрэ хьэл-щэн нэхъыщхьэмрэ щыізэтехуэкІэ.

Поэмэм и гупсыс нэхъыщхьэр - ар сыт хуэдэ зауэри Іэмалыншэу зэрыщымытыращ, ар кьэмыпсэхьэкІын папщІэ дгъэхэнэ зы цыху псэ хьэлэлми хуэзэфІэкІ псори иІэжьын зэрыщыуейрщ.

Зауэ кьэмыгъэхъун папщІэ усакІуэм кьыпсэ хьэлэлэр дунейм тетхуэ и мамырыгъэм щІэбэныну кьыхуредж, абы щыгъэми жеІэр усакІуэхэм я кьалэн ІьапІэр, аэрри мамырыгъэм и хъумакІуэ пэжжэу зэрыщытыр: усакІуэр и пльыр сакъыщІыху гьащІэм, зы маху и псэм псэху имыщІэ, зы жэщ имыІэ Іэфіу жей. Мис а Іуэхугъуэр Бицум мы псалъэхэмкІэ гьэбелджьыІы: -Зы щІыпІэ уафэр кьыщІоуагъуэм - УсакІуэм и гур кьыхоскІыкІ, ТетыхукІэ мы дунейм шынагъэ - Цыхуэпсэм ар темыпльэкъукІ», - жеІэри адэкІи кьыпещэ мы псалъэхэр: «... Зэгуэр кьыштепщхьэм, жэщ ирахэнщэу, Е бІащхьэр щІыльэм, зищІу щхэу - Еуэнщ усакІуэр игу тхьэгъушьм, Щым щыІуэ тетыр кьэушьыхь!»

Ди гуапэщ усакІуэхэр ягу тхьэгъушьм суэн куэд мыхьэну, зауэм и мафІэ лыгъэр зэи кьэмыльндыну, цыхуэпсэ Іэджэ зыгъэн зауэ щымыІэну, сабийхэм я дыхьэшх макъыр, мамырыгъэр дунейм щытепщэу щытыну...

ЕРЖЫБ Асльан.

Кадет еджапІэр ягъэхьэзыр

Babyrent къуажэм дэт школ-интернатым гъэ еджэгъуэщІм ирихьэлІэу Іуахынущ.

ДИ республикэм и школ интернат №10-р кьызэрыгъэуцуар зэманыфІ дэкІащ икІи а илъэсхэм кьрифыбзэу мыбы къэрым и жылагъуэ кудым.

ФокІадэ маэрм кьызэІуахынущ кадет школ-интернатыр зыхуэнумкІэ кьыштэрыгъэнымкІэ нужь ихьащ. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ зэрыщІэныгъэмрэ и министрым зэрыжиІэмкІэ, компьютер 12, методикэмкІэ тхьилъэр кьащэхуащ, спорт-залыр зэфІагъэщащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэр.

● Прохладнэ куей

Нэгъуэщ Іхэм щапхъэ яхуохъу

Прохладнэ муниципальнэ районым и кьуажэхэм бадзэуэгъуэм и 7-8-хэм щеІэкІэІащ унагъуэм, лъагъуныгъэм, пэжыгъэм и махуэм теухуа зэхьыхьэхэр.

ГУЛЪЫТЭ зыхуащІар нэгъуэщІхэм щапхъэ яхуэхъу унагъуэ нэхъыфІхэрщ. Унагъуэхэм зыщагъэпсэху пшыхьхэр Благовещенскэ, Советскэ, Лесной, Черниговскэ, Заречнэ къуажэхэм щекІуэкІащ. Екатеринорадскэ станицэхэсхэм фІыуэ яІэзэгъуэ «Кому за...» пшыхьыр гьащІэгъуэну зэхэтащ. «Псэм и нэху, гум и хуабэ» литературэ-макъамэ пшыхьыр Солдатскэ станицэм еблэгъа хьэщІэхэм кьыхуэзэратІэпэщащ. Прималкинскэ, Красносельскэ, Къэрэгъэш, Ново-Полтавскэ къуажэдэсхэм папщІэ ЩэнхабзэмкІэ унэхэм кьыщыізэрагъэпэщащ концерт.

Прохладнэ районыр кьулейщ зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу псэу унагъуэшхуэхэмкІэ. Иужьрей илъэсипІм апхуэдэ унагъуэ нэхъыфІи 10-м «Къагъуныгъэмрэ зэрыгъэпэжьнымрэ» я урысейпсэ медалыр хуагъэфэщащ. Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм ис ЦыхубзхэмкІэ я зэгуэхьэныгъэм и унафэщІ Мороз Ольгэ зэрыжиІамкІэ, я Іуэхугъ ІапІэмрэ Прохладнэ муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэмрэ щапхъэ зыгъэлъагъуэ унагъуэу 70-м щІигъу кьыхатхыкІащ.

Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхугъ ІапІэ.

● КъБР-м и прокуратурэр ильэс 90 щрикъум ирихьэлІэу

Хабзэр пхыгъэкІынырщ зыхуэлажьэр

Куэд щІакъым ди къэралым Урысейм и прокуратурэр къызэрыгъэпсыгъэр ильэс 290-рэ зэрырикъур зэрыщагъэпэлъапІэрэ. Иджы мыгувэу дэ дгъэпсынщ Къэбардей-Балъкъэрым и прокуратурэр ильэс 90 зэрырикъур.

1917 ГЪЭМ большевикэм властыр традзу тепщэныгъэр зыІэрагъэхьа иужь, прокурор-суд ІонатІар ягъэкІуэдыжауэ щытащ. Псори зи ІэмышІэ къыкуГар кІэлъыплъынымкІэ гуэрри щІэмыт революционэтхэмрэ чекистхэмрэщ. Апхуэдэу екІуэкІащ ильэситхукІэ.

ДапэкІэ апхуэдэу уПсэу зэрымыхъунур икІи къэралым хабзэншагъэм пощІэныну кьэрыуейр кьагурыІуа иужь, Ленин Владимир кьыхилъхьэри, 1922 гъэм ВЦИК-м унафэ кьищтащ Урысейм совет прокуратурэ зэрыщызэІуихынымкІэ тхуауэ. Абы итщ: «Хабзэкэ зэрагъэзащІэ щІыпІэ кІэм кІэлъыплъыні икІи щІэпхъаджагъэхэм я бий бэнэнэныгъэр тэмэму убыхуэм мурадкІэ ЮстициэмкІэ Наркоматым хэту Къэрал Прокуратурэ кьызэгъэпащІ».

Ар лъабжьэу уващ щІыпІэхэм прокуратурэхэр щыізэтраухуэн папщІэ.

1922 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м и Къэбардей-Балъкъэр обкомым кьыштащ областым прокуратурэ кьыщызэІуихын хуейуэ.

РСФСР-м юстицэмкІэ и цІыхубз комиссарым икІи абы кьыдэкІуэри Урысей Федерацэм и прокурору щытым и унафэкІэ 1922 гъэм и щэкІуэгъуэм КъБАО-м и прокурор ягъэуващ Ганк (дэ я цІыхум теухуауэ нэхъыбэ кьытхуэхугъакъым).

ЛэжьакъуэкІэ гугъу ехьащ, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ лІакъуэлІэшхэр революцэм иужькІэ зэхэзехуэн зэращІам, абыхэм я нэхьыбэр къэралым зэрыІэпхъукІам кьыхэкІыу.

Ялэ махуэхэм щыщІэдзауэ прокуратурэр властым и щыпІэ органэхэм я унафэм щІэуващ текІ имыІэу. Абы щыгъуэми, Лениным жиІат прокуратурэм и лэжьыгъэр щІыпІэ властхэм ялыщІауэ щытын хуэмейуэ. Зэуэ белджылы хъуащ Панк областым и прокурорым и кьулыкъур зэрыхуэемыхьэр икІи 1923 гъэм абы и пІэ ирагъэуващ Перфильев В. Н.

Ар лэжьащ 1924 гъэм мэкъуэгуэрщэм и 25 пщІондэ. ИужькІэ Къэбардей-Балъкъэрым и прокурор хъуащ КІуэкІуэжь Ахьмадхэн Хьэбым и къуэр, 1893 гъэм Мэртэзей (иджы Тэрч куейм хыхьэ Дей кьуажэщ) кьыщалъхуар. 1924 гъэр къэсыжу ар Къэбардей-Балъкъэр облсудым и унафэщІу лэжьащ.

КІуэкІуэжьыр щІыхуэщІыт. Ялэ дунейпсо зауэм ІлыгъэщІ щыізэрихьат пащтыхьыдзэм хэту. КьиГьаззэжа иужь большевикэмк ягъэкІуэ. 1920 гъэм Мэртэзей ревкомым и ІэтащІыжу ягъэуващ. Джьалахьстэней ревкомым хагъэхьащ. Ар хэмыту щІыпІэ революцэ зэщІэхъеенныгъэм зы Іуэхуи щеКІуэкІакъым.Наллык окружкомым хэтат, 1921 гъэм облисполкомым хагъэхьат. ИужькІэ ирехькІыпхъэхэмкІэ комиссарым и кьуэдзэ кьулыкъур зэрихьащ. 1923 гъэм КъБАО-м и ЦИК-м хагъэхьащ. А илъэс дыдэм ныкъыГэм и 14-м область судым и унафэщІ хъуащ.

А зэманым прокуратурэр зэрыкьэр щІыхуит: КІуэкІуэжь А. Хь. прокурорт, Балдыревэ А. С. абы и кьуэдзэт, прокурорым и дзэпкьыгъуэхэт Хьэщей С. А, Деппуев Хь. С., Федоровский С. В, Поляков И. Т. сымэ, ещанэ участкэм и прокурорым и дзэпкьыгъуэгъэт Евграфовыр.

Автоном областыр округуэкІу гуэшауэ, абыхэм я прокурорхэр КІуэкІуэжьым и дзэпкьыгъуэ кьальытэрт.

КІуэкІуэжьыр щІыхуэ Іущт. Абы куэд зэфІигъэхьащ Къэбардей-Балъкъэрым хабзэр щыгъэбыдэныным хэгъэзауэ. 1926 гъэм КІуэкІуэжьым нэгъуэщІ кьулыкъуШхуэр ираттат, арщІыхьэкІэ кьэралым кьыщыкъуБей политикэ зэлымыгъэр а щІыхь гъуэззаджэмэ кьыпльэІэсащ. 1937 гъэм щІы кьытралъхьэри, ягъэтІысащ, ИужькІэ яуКІащ. Пэжщ, хэй ящІыжащ. Автоном областым и прокурору щыта нэгъуэщІхэм лей кьатехьащ а зэманым.

Зэрыщыізэрэ блэкІа илъэс 90-м Къэбардей-Балъкъэрым и прокуратурэм зыкьыгъэльэгъуащ зэфІэкІыщхэу зыбгъэдэлъ, хабзэхэр тэмэму зэрагъэзащІэм тКІийуэ кІэлъыплъ кьэралым Іуэхугъэ-пІэу. Абы езым и кьалэн нэхъыщхьэу кьелъытэ законыр псом я дежкІи зэхуэдэнэр.

ФІыщІэ щхьэхуэ яхузощІ прокуратурэм и ветеранэхэм. Ахэр ноби мэлажьэ, ныбжьыщІэхэм ядоІэпкьыу. Иужьырейхэри нэхъыжьхэм я щапхъэм ирокІуэ.

Дэ ди мурадщ ижьыри къэсыху Къэбардей-Балъкъэрым и прокуратурэм и лэжьыгъэр зыгъэкІуэта цІыхухэм датепсэльыхьыну.

СЭРАХЪЭ Александр.

УФ-м и прокуратурэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

● Ди сурэт гьэтІылъыгъэхэр

Иорданием и пащтыхь Абдэллэ ЕтІуанэр Адыгэ ФІыщІэ Хасэм щохьэщІэ

Хъэшимит къэралыгъуэм и тепщэхэм куэд щІауэ къэралым щыпсэу адыгэхэр фІыуэ яльагъу, пщІэ хуащІ, къулыкъу щІэхуэр ират. Иужьрей ильэс 70-м Иорданием и тетхэр щыз-мытІу Амман щылажьэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм къебгъащІэ, щэрджэсхэр ягъэгушхуащ.

Мы сурэтым щыфІыгъу Абдэллэ ЕтІуанэ пащтыхьым фІэхъус ирех жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Альэсчыр Мамдух. *2011 гъэ*

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр ягъэбыдэ

● Зэпыщіэныгъэхэр

Къэбэрдей-Балькъэрым Щэнхабзэмкіэ и фондым зэлущІэ гуапэ щекІуэкІащ ди щІыпІэм щыпсэу курыжьхэм ятеуохуауэ.

ФОНДЫМ и унафэщІ **Вэрокъуэ Владимир** зэхьхьэр къыщызэІуихым, «Риони» куржы лъэпкъ щэнхабзэ центрым и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ мыпхуэдэ Іуэхуфі къызэрызэрагъэпэщам папщІэ. Абы кьызэхуэсахэм захуигъэзащ Къэбэрдей-Балькъэрым ис лъэпкъхэмрэ куржыхэмрэ я зэныбжьэгъугъэм теухуа я гукъэкІыжхэмкІэ зэдэгуэшэну, мы Іуэхумкіэ гуныкъуэгъуэ дыхэмыхуэн папщІэ тхуэщІэнум, дэтхэнэми кьыдэлъытам тепсэльыхьыну.

«Риони» центрым и унафэщІ **Лобжанидзе Анзор** жиІащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым, республикэм нэгъуэщІ лъэпкъхэм еІуэ щыІэ ап. хуэдэ центрхэм жыджэру зэрадзлажьэр, ди щІыпІэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ зы Іуэхугъуэ хэзыгъэ зэрыбламыгъэкІыр. Къэбэрдей-Балькъэрым исхэмрэ и лъэпкъэгъухэмрэ лІэщІыгъуэ зыбжанэ хъуэуэ зэгурыІуэу, зэкІэлъыкІуэу зэрыпсэуэм и гугъу ищІа нэужь, республикэм и экономикэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, спортым, нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэм зеГъэужьыным хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІа, куржы лъэпкъым къыхэкІа цыхуу цІэрыІуэхэм я зэфІэкІым иригушхуэу я цІэ кьриІуащ.

КъБР-м ис ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Шыхьуэбахьуэ Мухьэмэд** Тбилиси щыщеджа ильэсхэр игу кьызэдигъэкІыжым, кьыхэнтъэщащ куржыхэм хабзэ дахэ куэд зэрадилъэгъуар, ахэр хьэл-щэн екІу зыхьэщ цыхуу гуапэу зэрыщытхэр. Ильэс куэд щІауэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ Курскымрэ якІу дапІуу кьеКІэкІ ныбжьэгъуэ быдэр нэгъуэщІ лъэпкъхэм я ныбжьэгъугъэм теухуа я гукъэкІыжхэмкІэ зэдэгуэшэну, мы Іуэхумкіэ гуныкъуэгъуэ дыхэмыхуэн папщІэ тхуэщІэнум, дэтхэнэми кьыдэлъытам тепсэльыхьыну.

«Риони» центрым и унафэщІ **Лобжанидзе Анзор** жиІащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым, республикэм нэгъуэщІ лъэпкъхэм еІуэ щыІэ Каноников Анатолий лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным теухуауэ зыщІэ щапхъэхэр зэІуэщІэм хэтхэм кьахуихьащ. Апхуэдэхэт, псальэм папщІэ, Хэку лъагъуныгъэр, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр гумрэ псэмрэ кьыщызыгъэуш фильмхэр, зэгъуэнэгъу лъэпкъхэр зэрылъытэнырэ, гуэзвэгъуэ хэхуам дэІэпыкъуныр, нэгъуэщІхэри.

КъБР-м жылагъэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и кьэрал комитетым и унафэщым и кьуэдзэ **Гергоков Джамбулат** жиІащ Къэбэрдей-Балькъэрым ис лъэпкъхэр зэрылъытэнымкІэ, зэгурыІуэныкІэ зэрыгъэныбжьэгъуныкІэ, мыпхуэдэ зэхьыхьэхэр зэрыщыхьэпэнур. Я Іуэхущ1апІэм къыбгъэдэкІыу куржы хэхэсхэм я центрым и лэжьакІуэхэм фыщІэ яхуищІащ. Абы зэхьхьэм кьрихьэлІаХэм и гугъу яхуищІащ республикэм щылажьэ лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм я ІуэхущІафэхэм, нэгъуэщІхэми. - Тхыдэм кьызэрыхэщыжьмкІэ, зэгъуэнэгъу лъэпкъхэм я зэхущытыкІэм нэхьыщхьэр я зэкуакъ пщІэ зэрыдэлъыр, зым и щэнхабзэмрэ хабзэмрэ адрейм пщІэ зэрыхуищІырщ, - кьыхигъэщащ абы.

«Ватан» тырку-месечтин лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщІ **Амашулин Бекташ** республикэм, нэгъуэщІ щыпІэхэм щекІуэкІ жылагъуэ политикэ, щэнхабзэ Іуэхуэхэм лъэпкъ центрхэр жыджэру зэрыхэтым кьызеуэна нэужь, ди щІыпІэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, хабзэм, щэнхабзэм щыхуэхэр щыгъуазэ щІыным теухуауэ центрхэм зэфІагъэкІ лэжьыгъэм лъэпкъ зэпыщІэныгъэр зэригъэбыдэр жиІащ.

ЗэІуэщІэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІ **Махуэ Владимир**, «Кодумаа» эстон лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщІ **Марет Романи**, республикэм щыпсэу нэгъуэщІ лъэпкъхэм я щэнхабзэ центрхэм я лІыкІуэхэр, хьэщІэхэр, ирагъэбгъэгъахэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.





● ДифІ догъэлъапІэ

Жылэтеж Каримэн и зэфІэкІ

Щыхум и насып хъунри и Іэр кьызыпекІуэкІыну псори пхуэгъэбелджылыпкъым, кьыпхуэхутэнкІи Іэмал иІэкъым. Ар ельытащ езым и зэфІэкІым, и гупсысэм, и жыджэрагьымрэ жуаналныгъэр хэлъымрэ. А хьэл-щэнхэр зэребгъкІым щэч хэлькъым Жылэтеж Каримэн.

АРМЫРАМЭ, дауэ Налшык къыщалъхуа, къыщыхьуа хьыджэбзым тыркубзэр уэрэсэру зэрызригъэщІэфар, хуэдэкественэ тхыгъэхэр зэридзэкІын, тхылъ щхьэхуэхэр а бзэмкІэ кьыдигъэкІын хуэдэу?!

Къэбэрдей-Балькъэр кьэрал университетым иджылызбзэмкІэ и кьудамэр кьихуащ Каримэн. Лэжьэн щІидзауэ, бухгалтер курсхэм щригъаджэу, и насып зыхэлъыр кьыкъуэкІри, 1993 гъэм унагъуэ ихьащ, иджыпсту Анкара щопсэу, Урдымхэ я нысэщ.

«Адыгэ унагъуэ хъарзынэщ, бзэри уэрсэру ящІэ. Урдым унэцІэ зезыхьэ Къэбэрдейм щыгъуэтакъыми, псори хэкум икІауэ пІэрэ жыгІэу худогъэфащэ. Урдымхэ я бгъуэнщІагъ жиІэу Зенкъуэкіэ щыІэщ, ауэ езыхэр щыпсэуауэ жыхуаІэр Щхьэлыкьуэрэ Кэнжэрэ я зэхуакуэм дежщ», - жеІэ Каримэн и адэ Сэлэдин.

Щэч хэмылъу, бзэр унагъуэращ кьыщежьэр. Сэлэдин щыгъуаз дызэрищІамкІэ, Каримэн и унагъуэм адыгбзэр щытепщэщ. НэгъуэщІу Зенкъуэкіэ щыІэщ, ауэ езыхэр кьрагъэкІ кьыщалъхуа и хьыджэбзитІым анзэлъхубзэр фІы дыдэу зэращІэр. Дисэ Урысей посольствэм и школу Анкара дэтэр кьэухауэ иджыпсту Псыхуабэ бзэ щІэныгъэхэмкІэ дэт университетым лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ и факультетым щІэсщ, етІуанэ курс хьуащ. Абы адыгэбзэр, урысыбзэр, инджылызыбзэр, тыркубзэр хьарзынэу ещІэ, иджы испаныбзэм яужь ихьауэ ари зрегъащІэ. Динэ щІыкІу ильэс 11 мэхъу.

Хамэ къэралыбзэхэр щадж курсхэм инджылызыбзэр щрегъэдж Каримэн. Торнау Федор и «Записки русского офицера» тхылъыр тыркубзэкІэ зэридзэкІри, Анкара кьыщыдигъэкІащ. Абы кьыкІэлыкІуэу, Гюнтекин Решад Нури и «Щхьэл» романыр урысыбзэкІэ дунейм кьытригъэхащ. Махуэ кьэс къэбгъэсэбэп псальэуэра къызэрыгуэкІхэр зэрыт инджылыз-адыгэ-урыс-тырку псальалъэ зэхигъэуващ, адыгэхм, тыркухэм я псальалъхэр бзищымкІэ зэрыт тхылъ щІыкІу кьыдигъэкІащ.

Псом нэхьрэ нэхь гъэщІэгъуэныр тыркубзэр щрагъэдж Іуэхущ1апІэ гуэри Каримэн зэрымыкІуарщ. Лэжьапіэм, уэрамым зэрыщызэхихымкІэ хуэм-хуэмурэ езым зригъэщІащ. «Гугъуэкым апхуэдэу тыркубзэр, - жеІэ Сэлэдин. - Зэхэмыз си пхъум деж сыщыкІуэхэм тІэкІу кьызэгурыІуэ хъуат». Дауэ щымытми, утегушхуэу тхыгъэ зэбдзэкІын, псальалъэхэр зэхэбгъэувэн щхьэкІэ бзэр фІы дыдэу пщІэн хуейуэ кьыщІэкІынщ. Гуапэщ апхуэдэ тегушхуэныгъэ адыгэ бзылъхугъэм зэрыхэлъыр.

Дисэ тхьэмахуэ зэхуаку къэс Налшык и адэшхуэм деж кьокІуэлІэж, Динэщи, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъэр мыбы щегъакІуэ ныбжьэгъу хуэхъуа щыкІуэхэм яхэту, бз и лъэныкьхэкІэ щыІэ куэд кьищІэу.

ИСТЭПАН Залиэ.

● Бэнэкіэ хуит

Ныбжьым емылъытауэ

Бэнэкіэ хуитымкіэ мастер-ветеранхэм я Урысей чемпионат Элиста щекІуэкІащ.

КъАлМЫКЪ Республикэм я ягъэ президент, ФИДЕ-м и Іэтащхьэ Илюмжинов и Кубокым щІэбэнащ Къэралым и щІыналъэхэм я спортсмени 170-м щІигъу. Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ зэхьхьэхуэм хэтащ Бахьсэн куейм щыщхэу Гъэзий Мухьэмэд, Тембот Анатолэ, Щопарэ Щупагуэ сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми кІэух зэпеуэм я хьэрхуэрэгъуэхр екІуу щыхагъащІэри, текІуныгъэр зыІэрагъэхьащ. Зэпеуэм щытекІуэхэм щыхьэ тхьпІэхэмрэ медалхэмрэ хуагъэфащащ.

«Си хьэрхуэрэгъур Дагъыстэным и бэнакІуэ лъэщ Джалиев Адэит. ЗэІуащІэр ар кьызэфІэкІуэу ежьат, арщхьэдэ, зызэщІэскьуэзэри, зэриэгъэкІуэтэным сыхэтащ икІи кьызэхьулІащ», - жеІэ Гъэзий Мухьэмэд.

Мухьэмэд Бахьсэн куейм и спорт комитетым и нэхьащІэхьэщ, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щыхъ зиІэ и лэжьакІуэщ, Урысейм физическэ щэнхабзэм зыщеГъэжьыным хуишІа хэльхьэныгъэм папщІэ Щыхъ дамыгъэ кьыхуагъэфэщащ, СССР-м альдж-хрым бэнэкІэмкІэ спортым и мастерщ.

УЭРДОКЪУЭ Азэмэт.

● Шашкэхэр

«Шагъдий» гупыр

Сочэ щекІуэкІа «Шашкэ тетыльджэхэр» Урысейпсо зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балькъэрым и щыхьыр щахъумащ Тэрч куейм хьхъэ Плановскэ къуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м и школакІуэхэм.

ХЪЫДЖЭБЗХЭМ я зэпеуэм щытекІуащАхэмын Іэдисэ. ЗэІуащІэ пщыкІуэм абы щызэхуихьэсащ балли 9,5-рэ.

Зэпеуэм и хабзэхэм кьызэрагъэувымкІэ, гупым хэтын хуейщ щІалицрэ зы хьыджэбзэр. Пэжщ, щІалэм и пІэкІэ зэпеуэм пщащэ хэтынуи хуит ящІ. Тэрч икІа гупым а Іэмалыр екІуу кьагъэсэбэпащ. Щалэхэм ядзджэгуащ Мэхьмэд Динэ икІи еплІанэ увыпІэр кьафІихьащ.

Емуз Кьантемыррэ Ахэмын Уэсэнэрэ зыхэта «Шагъдий» командэм Къухьэпіэ Жыжьэм щыщІэдзауэ Калининград нэс щыналъхэм я гуп 30-м я дежи 12-нэ увыпІэрэ щиубыдащ. Я хьэрхуэрэгъуу щыта Мэзкуу икІа гупым 14-нэ увыпІэрщ ялъысар.

«Шагъдий» цІэ дахэм хуэфэщэну зыкъагъэльэгъуащ ди щІалэхэмрэ пащІэжьрэ.

ГУГЪУЭТ Заретэ.

Шахты къалэм щекІуэкІащ тхэквондомкІэ Урысейм пашэныгъэр къыщыхьынымкІэ ныбжьыщІэхэм (щІалэхэри хъыджэбзхэри) я зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым икІа спортсмен 20. Зэхьэзэхуэм абыхэм къыщыхьащ медалиплІ; дыщэу 2, жэзуи апхуэдизу.

ПАН Станиславрэ Шабиханов Исльамрэ ящ увыпІэхэр кьахьащ. Гриськовэ Дарьярэ Султанов СультІанрэ ещанэ зэчыщ. Ахэр я гъэсэнщ тренерхэу Ахъмэт Амиррэ Ким Викторрэ.

ЕкъулІэныгъэ зыІэрызыгъэхьа ныбжьыщІэхэр хагъэхащ Урысейм и командэ кьыхэхам. КьищынэмыщІауэ, командэм и тренер нэхъыжь Левшиц Владимир и унафэкІэ резерв гупым хэхуащ республикэм щыщхэу Унэжокъуэ Кьантемыр, Азычэ Темыркъан, Жабоев Алихьан сымэ. Иджыпсту спортсменхэм зыхуагъэхьэзыр мы гъэм и щыщхэІуэм Кореем щекІуэкІыну зэхьэзэхуэм.

КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ, КъБР-м тхэквондомкІэ и попечитель советым и Іэтащхьэ Чеченов Аслан и ныбжьыщІэ ящІ.

ГЪУЭНЭ Светланэ,
КъБР-м спортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Тхэквондо

Дыщи дыжьыни

зэхилъхьэжьыи, жылагъуэ политикэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым папщІэ республикэм тхэквондомкІэ и федерацэм и унафэщІ Шокьарэ Азрэтрэ спортсменхэр зэхьэзэхуэхэм кІуэныкІэ сыт щыгъуи мылъкукІэ защІэзыгъакъуэ «Кариста» ООО-м и унафэщІ Султанов Вячеславрэ КъБР-м и Парламентым и Щыхь тхылъэр яритащ.

КъБР-м и Парламентым и фІыщІэ тхылъэр хуагъэфэщащ а спорт лІэужьыгъуэм республикэм зыщезыгъуэжьа тренер Балэ Асльэнбий, илъэсым и спортсмен нэхъыфІхэу Султанов СультІанрэ Гриськовэ Дарьерэ, абыхэм я тренерыр Ахъмэт Амиррэ Ким Викторрэ.

ГЪУЭНЭ Светланэ,
КъБР-м спортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

«Псынэр» зи хэщІапІэхэр

Аруан, Лэскэн районхэм щыпсэу сабий куэдым мы зэманым зыщагъэпсэху «Псынэ» гъэмахуэ лагерым.

«ПСЫНЭМ» и унафэщІ Куэшей Джабрэ Іиа зэрыжиІамкІэ, иджыпсту щыІэхэр гуп етІуанэщ. ЦІыкІухэм ядолажьэ зи ІэщІагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ икІи жэуапльныгъэ ин яхэльу зи кьалэныр зыгъэзащІэ гъэсакІуэхэр. Сабийхэм я гупсысэм зезыгъэужь джэгукІэхэр ирагъащІэ, волейболымкІэ, теннисымкІэ зэпоуэхэр, куейм и щІыпІэ дахэхэр ирагъэльагъу. Сабийхэм папщІэ концерт ят районитІым и кьэфакІуэ, уэрэджэкІалІуэ гупхэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Ди бзэр, хабзэр дывгъэхъумэ

● Джэрпэджэж

Зи анэдэлъхубзэм пщІэ хуэзымыщІ адыгэр и бзэр къызэримыгъэсэбэпыфым иригуэващэуи щыткъым. Ауэ сэ щэч кьытехьэркъым уадыгэу урысыбзэр фІы дыдэу пхуэмыгъэщэрыуэныр нэхъ зэрыемыкІуншэм, уи бзэр умыщІэным нэхьрэ.

«АДЫГЭБЗЭУ лъэщ, адыгэбзэу махэ!» Мы псалъащхьэм щІэту иджыблагъэ «Адыгэ псалъэм» кьытехуащ Ширдий Маринэ и тхыгъэ. «Бзэр жыгым е дэтхэнэ кьэкІыгъэми ещхьщ: лъабжьэфІ имыІэмэ, и кьудамэхэм сыти ещІэ», - етх абы. ИкъукІэ щапхъэфІу кьыщыхьащ ар а тхыгъэм. ГъащІэм и сыт хуэдэ Іуэхугъуэми - ІэщІагъэм, дунейм кьыщыхъу-кьыщыщІэм, нэгъуэщІхэм - анэдэлъхубзэ кьабзэкІэ, къулейкІэ тепсэльыхьыр тфІэгъэщІэгъуэну дыкъызэрыгъэтІылъэкІыж хъунукъым. Сыт хуэдэ ныбжьым уимытами, сыт хуэдэ кьулыкъу зумыхьами, мыпхуэдэ тхыгъэхэм кьыщІэт Іуэхугъуэхэр кьэрал, жылагъуэ Іуэху зэрытщІыным яужь дитын хуейщ.

Си унагъуэм зэи игъэкІыркъым «Адыгэ псалъэ» тхыгъэхэм кьыщІэт Іуэхугъуэхэр кьэрал, жылагъуэ Іуэху зэрытщІыным яужь дитын хуейщ.

Си унагъуэм зэи игъэкІыркъым «Адыгэ псалъэ» тхыгъэхэм кьыщІэт Іуэхугъуэхэр кьэрал, жылагъуэ Іуэху зэрытщІыным яужь дитын хуейщ.

Ар ахъхощ абы. Ар кьызыхэкІыр адыгэбзэр яджыным, абы зиужьынымрэ хуэфащэ гулъытэ зэримыгъэтырщ. СызэрегупсысамкІэ, кьалэм кьыщыхъуар, и сабиигъуэм щегъэжьауэ абы щыпсэууэ кьэгъуэгурыкІуар и бзэмкІэ кьабзэу щымыпсэльэфми къемыдджэфми удэкІуэтэнщ. Ауэ адыгэ кьуажэ кьыщалъхуа, щапІа, адыгэ еджапІэ кьэзыуха щІыгъуэ, и бзэкІэ тхам кьэмыджэфмэ, хьэдэгъуэдахэщ. Апхуэдэ унагъуэхэм «Адыгэ псалъэ» газетыр щыплъагъунукъым. Ауэ абы кьикІыркъым урысыбзэр тэмэму зэрагъэІурыщІэу.

Угупсысэхэнымэ, куууэ зэпкърыха, щІэхуэ тэмэмэхэмкІи щІэгъэбыдэжа тхыгъэщ зи гугъу тщІыр. Абы кьыхэкІыуи, укъеджэу зэбгъэтІылъэкІыж хъунукъым. Сыт хуэдэ ныбжьым уимытами, сыт хуэдэ кьулыкъу зумыхьами, мыпхуэдэ тхыгъэхэм кьыщІэт Іуэхугъуэхэр кьэрал, жылагъуэ Іуэху зэрытщІыным яужь дитын хуейщ.

Си унагъуэм зэи игъэкІыркъым «Адыгэ псалъэ» тхыгъэхэм кьыщІэт Іуэхугъуэхэр кьэрал, жылагъуэ Іуэху зэрытщІыным яужь дитын хуейщ.

Си унагъуэм зэи игъэкІыркъым «Адыгэ псалъэ» тхыгъэхэм кьыщІэт Іуэхугъуэхэр кьэрал, жылагъуэ Іуэху зэрытщІыным яужь дитын хуейщ.

БЫГУЭ Уэсмэн.
Сэрмакъ кьуажэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Шэджэм ЕтІуанэрэ Лашынкъейрэ

Шэджэм ЕтІуанэ, Дашынкъей къуажэхэм щыпІэ самоуправленэмкІэ я Іуэхущ1апІэхэр щыхъухэм я тхыгъэхэм зэрыхэпхъэщыкІым теухуа законодательствэр зэрагъэзащІэр Шэджэм районым и прокуратурэм къыщыдитати, нныкъуанныгъэ куэд кьыщІигъэщащ. Апхуэдэущ щыхъухэм я лъэІуэхэм и пІалъэм зэрыхэмыплъэр, жэуап зэрырамытыжыр, нраГъэбгагъэу къыззремыщалъэр.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭР щаГъэкІуэкІа махуэм Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм и щІыпІэ администрацэм щызэприхьат махуэ 30-м кьриубыдэу жэуап зратыжьын хуеи лъэІу тхыгъэу 50-м щигъу.

Лашынкъей жылагъуэм и администрацэмэ апхуэдэ нныкъуанныгъэхэр кьыщыщІагъэщащ.

Ар теплъэр: см 170-рэ и лъагагъщ, къуэгъущ, щхьэщ кІэщІ тхъуащ, тхъугъэ зыхэт пащІэ фІыщІэ тетщ.

Гу зылытапхъэ: и Іэ сэмэгум бгы суратэ, Іэ сэмэгу зэрытыпІэм «Р» хьэрф тещІыхьащ, и нэкІум дыркъуэ куэд тельщ, инсульт иІащи, гугъуу фІэкІа зекІуэфыркъым.

Щыгъар: джанэ удэмфэ зэпрыдз, трико щІыну, тапочкэ фІыщІэ.

ПщІэ зыхэтщІ республикэм щыпсэуэхэ!

Къумыкъу Руслан Жандэрий и къуэм и хэщІапІэм щыгъуазэ щыІэмэ, дыныволъэІу фыкъэпсэлъэну мы телефонхмкІэ: **(86631) 4-45-90, 4-45-96, 02** е полицэм и Іуэхущ1апІэ нэхь фпэгъунэгъум зыхуэзгъэзэну.



Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэм и КъБР-м щыІэм Хьыбарэхэмрэ жылагъуэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и Іэнатіэ.

Хъыбар гуэр фщІэмэ!

Урысей Федерацэм и МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм къельыхьуэ мы гъэм мэкъуаугъуэм и 9-м хьыбарышІуэ кІуэда Къумыкъу Руслан Жандэрий и къуэр, 1953 гъэм КъБР-м и Тэрч куейм хьыхь Плановскэ къуажэм къыщальэхуар. Ар Прохладнэ къалэм щатхащ, щыпсэури арац.

Ар см 170-рэ и лъагагъщ, къуэгъущ, щхьэщ кІэщІ тхъуащ, тхъугъэ зыхэт пащІэ фІыщІэ тетщ.

Гу зылытапхъэ: и Іэ сэмэгум бгы суратэ, Іэ сэмэгу зэрытыпІэм «Р» хьэрф тещІыхьащ, и нэкІум дыркъуэ куэд тельщ, инсульт иІащи, гугъуу фІэкІа зекІуэфыркъым.

Щыгъар: джанэ удэмфэ зэпрыдз, трико щІыну, тапочкэ фІыщІэ.

ПщІэ зыхэтщІ республикэм щыпсэуэхэ!

Къумыкъу Руслан Жандэрий и къуэм и хэщІапІэм щыгъуазэ щыІэмэ, дыныволъэІу фыкъэпсэлъэну мы телефонхмкІэ: **(86631) 4-45-90, 4-45-96, 02** е полицэм и Іуэхущ1апІэ нэхь фпэгъунэгъум зыхуэзгъэзэну.

Редактор нэхьыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЪХЕМЫХЬУ Мариндэ** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьжыкьаер Алик.**

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхьыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхьыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; цІыхубзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Іуэхущ1апІэхэм я ядлжьэнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ къэмохмэкІэ - 42-22-88; етъэджэнымкІэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм ящу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныбэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хьэмэныкІэ Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №П-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдджКІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактор Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Щхьэщэмыщі Иэ *(2, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(1, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэныкъуэгъу* Мырзэкъан ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Дзол Маринэ, Щомахуэ Марианэ, *суратхэм елэжьар* Бицу Жаниэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.071 ● Заказ №1827